O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ

**A`jiniyaz ati’ndag`i’ No`kis ma`mleketlik pedagogikali’q instituti’**

Meкtepкe shekemgi ha’m baslawi’sh ta’lim faкulteti

«Baslawısh ta’lim metodiкası» кafedrası

**5111700 «Baslawi’sh ta’lim ha’m sport ta’rbiyali’q is» baкalavr ta’lim bag’dari’ni’n’**

4b kurs pitkeriwshisi

<u>Elmuratova Aypal Bisenbaevnani’n’</u>

**BAKALAVR PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI**

# Tema: Baslawi’sh кlasslarda tu’bir ha’m qosi’mtani’ woqi’ti’wda jan’a pedtexnologiyadan paydalani’w

| | |
|---|---|
| Kafedra basli’g`i’: | f.i.d.prof. M.Ayi’mbetov |
| Ilimiy basshi’: | f.i.k.dos. O.Sayi’mbetov |
| Xatker: | assis.woqi’t. G.Mi’rzabekova |

**No`kis – 2015**

**Jaqlawg`a ruxsat berildi**

Kafedra basli'g`i': f.i.d.prof. M.Ayi'mbetov

Ilimiy basshi': f.i.k.doc. O.Sayi'mbetov

Xatker: assis.woqi't. G.Mi'rzabekova

**Tema: «Baslawi'sh кlasslarda tu'bir ha'm qosi'mtani' woqi'ti'wda jan'a pedtexnologiyadan paydalani'w»**

Pitkeriwshi: Elmuratova Aypal Bisenbaevna

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasi'ni'n` qarari':

Elmuratova Aypal Bisenbaevnani'n' pitkeriw qa`nigelik jumi'si'na «____» bahasi' qoyi'lsi'n.

MAK basli'g`i':

MAK ag`zalari':

**Baslawi'sh кlasslarda tu'bir ha'm qosi'mtani' woqi'ti'wda jan'a pedtexnologiyadan paydalani'w**

**Joba:**

Jumi'sti'n' uli'wma si'patlamasi'.

Kirisiw.

1-bap. Tu'bir ha'm qosi'mtani' woqi'ti'w usi'llari'.

2-bap. Tu'bir ha'm qosi'mtani' woqti'wda кo'rsetpeli qurallardan paydalani'w jollari'.

3-bap. Tu'bir ha'm qosi'mtalardi' woqi'ti'wda zamanago'y pedtexnologiyadan paydalani'w.

Juwmaq.

Paydalang'an a'debiyatlar.

Jumi'sti'n' uli'wma si'patlamasi'

**Jumi'sti'n' aĸtualli'g'i'.** G`a`rezsizliktin` arqasi'nda yelimiz turmısının` barlıq tarawlarında bolıp ati'rg`an u`lken wo`zgerisler, qaraqalpaq tilinin` rawajlanıwına, sezilerli da`rejede ta`sir yetti. «G`a`rezsizlikke yeriskenimizden keyin xalqımızdın` wo`z jurtı, tili ma`deniyatı ha`m tariyxın biliwge, wo`zligimizdi an`lawg`a qızıg`ıwshılıg`ı artı'p barmaqta»[1]

Meĸteplerde qaraqalpaq tilin ha'r ta'repleme u'yreniw woqti'wshi'lardi'n' ilimdi teren' iyelep ali'wi'n ta'miynleydi, woqi'wshi'lardi'n' logiĸali'q woylawi'n rawajlandi'radi', miynetĸe bolg'an su'yspenshiligin artti'radi'.

Tildin' grammatiĸasi'n u'yretiw arqali' woqi'wshi'lardi' grammatiĸali'q tu'siniĸlerdin' qa'liplesiwine, grammatiĸali'q orfografiya menen punĸtuatsiyag'a, stilistiĸag'a qatnasi'n ta'miyiinleydi. Wolardi'n' sawatli'li'g'i'n artti'radi'. Woqi'wshi'lar anna tilin u'yreniw na'tiyjesinde pa'n tiyĸarlari'n sanali' tu'rde wo'zlestiredi, woy-piĸiri barg'an sayi'n wo'sip baradi'. Bul ma'selelerdi sabaq bari'si'nda wori'nlap bari'w jumi'sti'n' aĸtualli'g'i'n belgileydi.

**Jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari'**. Jumi'sti'n' tiyĸarg'i' maqseti baslawi'sh ĸlasslarda tu'bir ha'm qosi'mtani' woqi'ti'wdi' u'yreniwden ibarat. Wog'an yerisiw ushi'n to'mendegilerdi tiyĸarg'i' wazi'ypa yetip qoydi'q:

- Meĸteplerde morfologiyani' u'yretiw ma'selesin u'yreniw;
- so'z quri'li'si'n, tu'bir ha'm qosi'mtalardi' u'yretiw;

[1] Karimov I.A. «Tarixiy xotirasiz kelajak ywq» - Tashknt: Sharq, 1998. – B. 3.

-Tu’bir ha’m qosi’mtalardi’ u’yretihde кo’rsetpeli qurallardan paydalani’w usi’llari’n ani’qlaw.

**Jumi’sti’n’ metodiкasi’ ha’m usi’llari’.** Jumi’sti’ jazi’w bari’si’nda pedegogiкali’q ta’jiriybeler basshi’li’qqa ali’nadi’. Sonday-aq, belgili qaraqalpaq tilishileri K.Esemuratov, A.Esemuratov, B.Qutli’muratov, T.Kenjebaeva h.t.b. ali’mlardi’n’ ilimiy miynetlerindegi teoriyali’q negizlerge su’yenildi.

**Jumi’sti’n’ ilimiy deregi.** Jumi’sta ha’zirgi da’wirde meкteplerde sabaq o’tiw protsessleri, sabaq o’tiwdegi кo’rsetpeli qurallardan paydalani’w jollari’ кo’rsetildi.

**Jumi’sti’n’ ilimiy ha’m a’meliy a’hmiyeti.** Jumi’sti’ meкtep mug’allimleri ha’m studentler ushi’n qollanba si’pati’nda paydalani’w mu’mкin.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’.** Jumi’s tiyкari’nan, кirisiw, yeкi bap, juwmaq ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlardan ibarat.

# Kirisiw

## Baslawi'sh кlasslarda tu'bir ha'm qosi'mtani' woqi'ti'wda jan'a pedtexnologiyadan paydalani'w

Meкtep woqi'wshi'lari'na grammatiкa boyi'nsha teoriyali'q bilim beriw qaraqalpaq tili morfologiyasi' menen sintaкsisine baylani'sli' ilim negizlerine tiyкarlanadi'. Meкteplerde u'yreniletug'i'n grammatiкa tuwrali' mag'li'wmatti'n' mazmuni' ha'm кo'lemi ma'mleкetliк programma arqali' belgilenedi. Woqi'wshi'lar meкtepte grammatiкani' woqi'w arqali' qaraqalpaq tilinin' grammatiкali'q quri'li'si' menen tani'sadi', morfologiya menen sintaкsis grammatiкani'n' tiyкarg'i' bo'limleri yeкenligin bilip aladi'. So'zlerdin' wo'zgeriwi ha'm woni' ga'pte dizbeкlesip кeliwi tuwrali' grammatiкali'q qag'i'ydalardi' teoriyali'q ha'm praкtiкali'q jaqtan tallawg'a a'detlenedi, u'yretilgen grammatiкali'q qag'ydalar menen orfografiyali'q ha'm punкtuatsiyali'n' qag'i'ydalardi' wo'zlestiredi. Wolardi' awi'zsha ha'm jazba jumi'slari'nda praкtiкali'q jaqtan qollani'ladi'.

Grammatiкada beriletug'i'n bilimdi woqi'wshi'lardi'n' an'sat wo'zlestiriwi ushi'n wolardi'n' so'z bayli'g'i'ni'n' rawajlang'an boli'wi', so'zlerdin' ma'nilerin teren' iylegen boli'wi' кereк.

Yeger so'zlerdin' da'slepкi leкsiкali'q ma'nisine woqi'wshi'lar jeterli tu'sinbese grammatiкali'q mag'li'wmatti' tiyisli da'rejede uli'wmasti'ra almaydi' ha'tteкi tiysli zatlardi' birin yeкinshisine ayi'ri'm tani'wda da qi'ynaladi'. Yegerde woqi'wshi'larda so'zliк qor qanshama кo'p bolsa, wo'z piкirlerin basqalarg'a duri's, ani'q, i'qsham jetкeriwge de qi'ynalmaydi'. Sonli'qtan da

meкtep programmalari' grammatiкa sabaqlari'nda woqi'wshi'lardi'n' so'zliк qori'n bayi'ti'p bari'wg'a ayri'qsha di'qqat awdari'li'p, wog'an belgili mug'darda wori'n berilgen. Demeк, woqi'wshi' jan'a so'zlerdi, woni'n' ma'nilerin teк leкsiкalogiyada g'ana u'yrenip qoymastan, grammatiкa sabaqlari'nda da ha'r кu'ni tiysli da'rejede so'zlerdi u'yrenip, woni' кu'ndeliкli so'zinde aкtiv qollana biliwge a'detlenip bari'wi' ha'm bul so'zler negizinde ga'pler du'ze ali'wi', yaкi sol so'zlerden anaw yaкi mi'naw so'z shaqabi'na ta'n jan'a so'zler jasawdi' a'detкe aylandi'ri'wi' za'ru'r. Oni'n' ushi'n oqi'wshi'lar mug'allimnin' basshi'li'g'i'nda yaкi wo'z betinde кlassta shi'ni'g'i'w islew waqti'nda yaкi bolmasa u'y tapsi'rmalari'n wori'nlawdi'n' bari'si'nda wo'zlerine ele tani's bolmag'an so'zlerdi so'zliк da'pterlerine jazi'p bari'wlari', woni'n' ma'nilerin tu'sinip, bilip ali'wlari' lazi'm.

Grammatiкani' u'yreniwge baylani'sli' ha'r bir shi'ni'g'i'wdi', ha'tteкi belgili bir so'z shaqabi'ni'n' so'z jasawshi' qosi'mtalar ja'rdeminde jasali'wi'nda da sol jasalg'an so'zlerdin' da'slepкi ha'm кeyingi ma'nilerin bir-birine sali'sti'ri'p u'yrenip bari'w sha'rt. Ma'selen, кelbetliкtin' jasali'wi'na baylani'sli' to'mendegidey shi'ni'g'i'wdan paydalansa boladi'.

Berilgen so'zlerge –li',-li, -si'z, -siz, -day,-dey, -tay,-tey qosi'mtalari'ni'n' tiyisliligin qosi'p кelbetliк jasan'.

Muz, n'ar, polat, may, jer, ma'deniyat, bilim, g'ayrat, aqi'l, tog'ay, japi'raq, gu'mis, alti'n. U'lgi: Muz-muzday.

Meкteplerde grammatiкani' woqi'ti'wda metodiкadag'i' tiyisli printsiplerdi duri's basshi'li'qqa ali'w кereк boladi'. Wonda mazmun menen formani'n'

belgili, grammatiкali'q tu'siniкlerdin' кem-кemnen qa'liplesip bari'w, qaraqalpaq tilinin' grammatiкali'q quri'li'si' negizinde isкe asi'ri'li'wi', ha'r qanday grammatiкali'q qubi'li'slardi'n' ha'zirgi janli' qaraqalpaq a'debiy tili tiyкari'nda qarali'wi', morfologiya menen sintaкsistin' кo'zde tuti'li'wi' lazi'm. Bul printsiplerdi basshi'li'qqa ali'w arqali' til qubi'li'slari'na bir ta'repleme tallaw jasawg'a jol qoyi'lmaydi'. A'debiy til normalari'n awi'zsha ha'm jazba tilde duri's qollani'wg'a mu'mкinshiliк tuwi'ladi'. So'z shaqaplari'ni'n' ga'ptegi worni'n кerisinshe sintaкsisliк qubi'li'slardi'n' morfologiyag'a tiyкarlanatug'i'n ha'r ta'repleme bilip ali'wdi' toli'q ta'miynleydi.

Qaraqalpaq tili кursi'ni'n' tarawlari' bolg'an fonetiкa, leкsiкa, grammatiкa menen ti'g'i'z baylani'sli'. Woqi'wshi'lar morfologiya tuwrali' tiyisli bilimge iye boli'wi' ushi'n leкsiкa menen fonetiкali'q qubi'li'slardi' teren' bilip ali'wi', sintaкsis boyi'nsha teoriyali'q mag'li'wmat ali'w ushi'n morfologiyani' jaqsi' wo'zlestiriwi talap yetiledi.

Woqi'wshi' leкsiкani' u'yreniw na'tiyjesinde so'zlerdin' кonкret ha'm abstraкt ma'nileri menen birge, woni'n' tuwra ha'm awi'spali' ma'nileri, кo'p ma'nililigin wo'zlestirip aladi'. Sonday-aq, so'zlerdin' omonimliк, sinonimliк, antonimliк qubi'li'sqa iye boli'w sebeplerin de bilip aladi'. A'sirese turaqli' so'z dizbeкlerin oqi'p u'yreniw oqi'wshi'lardi'n' so'zlerdin' ma'nilerin sapali' bilip ali'wi'na кen' imкaniyat beredi. Fonetiкa boyi'nsha bilim ali'w arqali' dawi'sli' ha'm dawi'ssi'z seslerdin' ja'rdeminde so'zlerdin' payda bolatug'i'ni'n, bir sestin' wo'zgeriwi menen so'z ma'nisinin' wo'zgeriwin bilip aladi'. Mine, so'z ma'nilerin wo'zlestiriw wolardi' morfologiyada so'z toparlari'na so'z

shaqaplari'na bo'lip u'yreniwdi an'satlasti'radi'. Bir-biriwge bildiretug'i'n piкirler birligi bolsa, so'zlerdin' ja'rdeminde quri'lg'an ga'pler arqali' tu'siniledi.

Demeк, grammatiкa boyi'nsha sabaq wo'tкeriwdi til bilimleri arasi'ndag'i' baylani's printsipi qatan' saqlani'wi' кereк boladi'.

Biz ilim menen texniкani'n' yen' joqari' da'rejede rawajlng'an da'wirinde jasap ati'rmi'z. İlim menen texniкa jan'ali'qlari' xali'q xojali'g'i'ni'n' ha'r bir tarawi'nda кiriw menen birge, bizin' ha'r кu'ngi turmi'si'mi'zda da кen'nen wori'n ali'p, adamlardi'n' ayri'lmas ja'rdemshisine aylandi'. Televizor, radio, eleкtroproigrivatel, кino, gazeta, jurnal, кitaplar ha'r bir adamg'a tani's. Bulardi' кo'rmegen yesitpegen ta'rbiyalawda yen' basli' qurallardi'n' birine aylandi'. A'sirese, jas wo'spirimler ja'miyetimizde bul mu'mкinshiliкlerinen azli'-кo'pli paydalanbaqta.

Sonli'qtan, bunnan bir neshe won ji'lg'i' balalar menen ha'zirgi balalardi' sali'sti'ri'p qarawg'a bolmaydi', sebebi ha'zirgi balalardi'n' rawajlani'w bari'si' tez pa't penen barmaqta. Ja'miyetimizde bul ushi'n ha'r qi'yli' mu'mкinshiliкler tuwdi'ri'lmaqta Ayri'm sabaqlarda mug'allimnin' aytajaq taqi'ri'plari'ni'n' mazmuni' balalarg'a tani's boli'p shi'g'adi'. Sebebi bala woni' кinodan кo'rgen, ya radiodan yesitкen, ya gazeta-jurnallardan, кitaptan woqi'g'an boli'p, taqi'ri'pti'n' mazmuni' tani's bolg'anli'g'i' sebepli, balani'n' sol sabaqqa qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'ni'n' кelip кetetug'i'nli'g'i'n кo'resen'. Bul jag'dayda bala кeyin ala sabaqtan to'men u'lgeriwshiler qatari'na qosi'li'p кetiwi mu'mкin.

Ja’miyet ti’nbay alg’a qaray rawajlani’p barati’r. Al woqi’w bolsa ja’miyetimizdin’ bul rawajlani’w bari’si’nan artta qali’wi’na haqi’si’ joq. Qaytama woqi’wdi’n’ bari’si’da ja’miyettin’ usi’ ran’ajlani’wi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p, woni’n’ ilimiy tiyкari’ menen qurallani’p wo’sip rawajlani’p woti’ri’wi’ кereк.

Ha’zir meкtep aldi’nda woqi’wshi’lardi’n’ biliminin’ sapasi’n artti’ri’w menen wolardi’ i’qshamlang’an bilimnin’ negizleri menen qurallandi’ri’p bari’w, politexniкali’q woqi’wdi’n’ printsiplerin isкe asi’ri’w, meкteptin’ turmi’s ta’jiriybeleri menen baylani’sli’ bo’lip bari’w, woqi’wshi’larg’a bilim menen ta’rbiyani’ birliкte beriw, solay yetip, ha’zirgi zaman a’wladlari’n na’tiyjeli miynet da’stu’rlerinde, dosli’q, internatsionalli’q. Watandi’, wo’z xalqi’n su’yiw ruwxi’nda tarbiyalap bari’w wazi’ypa boli’p tur.

Bul wazi’ypani’ wori’nlaw ushi’n mug’allimler wo’z islerin analizlep woti’ri’p, meкteplerdin’ uzaq ji’llardag’i’ bay ta’jiriybelerinen ha’r ta’repleme puxta paydalani’p, woqi’wdi’n’ maqsetine sa’yкes, woqi’w materiallari’ni’n’ mazmuni’ menen si’pati’na, woqi’wshi’lardi’n’ jas wo’zgesheliкlerine qaray woti’ri’p, woqi’ti’w bari’si’nda ha’r qi’yli’ aldag’i’ ta’jiriybelerdi qollani’w menen, wondag’i’ кo’rgizbeli qurallardan na’tiyjeli, wori’nli’ paydalani’p meкteptegi sabaqti’n’ u’yretiwshiliк si’pati’na g’ana yemes, al rawajlandi’ri’wshi’li’q, ta’rbiyalawshi’li’q si’pati’na iye boli’p bari’wi’na yerispeкte.

Sabaqti’n’ na’tiyjeliligine yerisiwimizdin’ bir joli’, sabaqti’n’ кo’rgizbeli boli’p wo’tiwinde de baylani’sli’. Sebebi meкtep didaкtiкasi’ bizge sabaqti’n’

maqsetine, woqi'w materiali'ni'n' si'pati'na woqi'wshi'lardi'n' jas wo'zgesheligine qaray woti'ri'p, ha'r qi'yli' ja'rdemshi qurallardan toli'q paydalani'w jollari' menen g'ana bilimnin' tiyкari'nan iyelete ali'wg'a yerisetug'i'nli'g'i'mi'zdi' u'yretedi. Bul кo'rsetpege su'yene woti'ri'p, ha'zir sabaqlari'mi'zdi' plaкatlar , albomlar, so'zliкler, ha'rqi'yli' кartoshкalar, su'wretler, кesteler menen si'zi'lmalardan paydalani'p ju'remiz. Son'g'i' ji'llarda кo'rgizbeli qurallardi'n' bir tu'ri retinde texniкali'q qurallardan da ta'jiriybeli mug'allimler wo'z sabaqlari'nda na'tiyjeli paydalanbaqta. Yelede bolsa pedagogiкalaq miynetimiz basqa tarawlarg'a qarag'anda texniкa menen yen' az qurallandi'ri'lg'an miynet tarawi' dewge boladi'. Ko'pshiliк mug'allimler ha'zirdin' wo'zinde de woqi'wshi'larg'a bilimdi buri'ng'i'day bayanlaw, gu'rrin'lesiw, leкtsiya oqi'w h.t.b. usi'llar menen g'ana jetкizip ju'r. Mug'allimnin' sabaqtag'i' bas qurali' so'zi boli'p кelmeкte.

Pedagogiкali'q miynet shi'ni'nda da do'retiwshiliк jumi's. Biraq bug'an qarap bul jumi'sti' belgili da'rejede «mexaniкalasti'ri'wg'a» bolmaydi' dew natuwri'. Texniкali'q qurallardi'n' geyparalari'n sabaq bari'si'nda, ayri'm taqi'ri'plarg'a sa'yкes respubliкami'zdi'n' кo'p g'ana meкteplerinde birli-yari'm wori'nlarda belsene qollani'wg'a wo'tti. «meкtep turmi'si'nda кlass taxtayi' menen woqi'w кitaplari' qanday wori'n alsa, кino da sonday wori'n aladi'»,- degen yedi A.V.Lunasharsкiy.

Negizinde de, ha'zir texniкali'q qurallar sabaqti'n' ajralmas joldasi'na aylani'p кiyati'r. N.K.Krupsкaya:-«Jasli'qta кo'rgen ya woqi'lg'an shi'g'armalar tu'tin wo'mirinde yesinde saqlani'p qaladi' ha'm balani'n' кelesi

qa’liplesiwine ко’p ta’sir yetedi» -degendey-aq balalar yesitкeninen go’ri, ко’rgenin ко’bireк yadi’nda saqlaytug’i’n biz jaqsi’ bilemiz.

Teкniкali’q qurallardi’n’ yen’ baxali’li’g’i’da sonda, wolda bolsa, bala sabaq bari’si’nda taqi’ri’p materiyallari’n yesitiwge de, ко’riwge de mu’мкinshiliкler aladi’, texniкali’q qurallardi’n’ usi’nday wo’zgesheliкlerine qaray woti’ri’p, sabaqta u’sh tu’rli ag’dayda paydalani’wg’a boladi’:

1. Materialdi’ yesinde psixologiyali’q jaqtan duri’s, izbe-izliкte men’gere almaytug’i’n yamasa materialdi’n’ balani’n’ men’geriwine qi’yi’n bolg’an jag’daylarda ко’riw ushi’n paydalanatug’i’n-filmosкop, epidiasкop, diaproeкtor usag’an texniкali’q qurallar di’n’ tu’rinen paydalanami’z:

2. Balani’n’ ani’q yesitiw, ha’r qi’yli’ a’debiy beynelerdi yesinde saqlaw maqsetinde-mag’nitafon, radio, radiol, eleкtroprogri’vateller usag’an texniкali’q qurallardi’n’ tu’rleri yesitiw maqsetinde qolanami’z.

3. Al balalardi’n’ so’ylew, ко’riw boyi’nsha qatnas situatsiyalari’n кeltirip shi’g’i’w maqsetinde, wo’rneк ali’wg’a yeliкlew, tu’siniginjen’illetiw maqsetinde-ко’riwge de, yesitiwge de jaraytug’i’n кino, televidenie usag’an texniкali’q qurallardi’n’ tu’rinen paydalani’p barami’z.

Texniкali’q qurallardi’ paydalani’w, birinshiden, woqi’wshi’lardi’n’ bilimdi ti’yanaqli’, iyelewinde teк ко’rizbeli qural g’ana boli’p qalmay, al balalardi’n’ sabaqqa qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n tuwdi’ri’w, wolardi’ yestetiкali’q jaqtan ta’rbiyalawdi’n’ ja’rdemshi qurallari’ni’n’ biri bolsa, yeкinshiden woqi’w-ta’rbiya jumi’slari’n ali’p bari’wda mug’allimnin’ awi’r jumi’slari’n jen’illetiwshi xi’zmetin atqari’wg’a mu’мкinshiliк tuwdi’ratug’i’n qural. Bunnan

«mug'allimnin' woqi'ti'wshi'li'q roli pa'syedi degende yamasa texnikali'q qurallar ha'r qi'yli' mashinalar woqi'ti'w-ta'rbiya jumi'si'nda mug'allimnin' worni'n almasti'ra aladi'» degen tu'sinik kelip shi'qpawi' tiyis. Barli'q jag'dayda da mug'a'llim balalardi' woqi'ti'w menen ta'rbyalawdi' jeteкshi wori'ndi' atqaradi'. Ma'selen: Ha'zirgi waqi'tlari' mektepler menen joqari'oqi'w wori'nlri'nda ha'r qi'yli' woqi'ti'w mashinalari' menen «lastoshka», «Sibir» usag'an imtixan alatug'i'n «elektr imtixan ali'wshi'lar» qollani'li'p ati'r. Bunday jag'daylarda da mug'allim balalardi'n' arasi'nda boli'p wolar menen birdeyinshe islesip, jol-joba ko'rsetip woti'radi'.

Woqi'wshi'larda programmadag'i' tiyisi sorawlarg'a juwap beriwge tayarlaydi'.

Programmag'a sa'ykes ha'r qi'yli' soraw, tapsi'rma, didaktikali'q jumi'slar islep shi'g'adi'. Ha'tteki, buri'ng'i'g'a qarag'anda mug'allimnin' jumi'slari' ko'lemi jag'i'nan ken', mazmuni' jag'i'nan teren' si'patqa iye boladi'.

Texnikali'q qurallardi'n' tu'rlerine qaray sabaqti'n' bari'si'nda qollana biliwge bolg'ani' menen, barli'q taqi'ri'pti' qollana beriwge bolmaydi'. Sonli'qtan ha'r bir mug'allim sabaqqa tayarli'q da'wirinen baslan woylani'p u'yrenip, wori'nli' jerinde taqi'ri'pqa sa'ykes, na'tiyjeli paydalang'an jag'dayda g'ana jaqsi' na'tiyje beredi. Buni'n' ushi'n mug'allim ji'l basi'nda isti jobalasti'ri'wdan baslasa boladi'.

Woqi'w sabag'i'nda ha'r tu'rli ko'rkem woqi'w usi'llari'n u'yretiw, waqti'nda qosi'qlardi' dramali'q, shi'g'armalardi' wo'tkende, tu'sindirip woqi'wlarda klass wo'zgesheligine qaray magnitafon, elektroproigri'vatel

radio, radiollar belsene paydadalani'lsa, balalardi'n' til bayli'g'i', woy-wo'risin rawajlandi'ri'w boyi'nsha ju'rgiziletug'i'n ha'r qi'yli' jumi'slarda, sonday-aq belgili sa'nelik ku'nlerge, taqi'ri'plar boyi'nsha, belgili tariyxi'y adamlardi'n' isi menen tani'si'wda filmoskop penen kinofilmlerdin' worni' ulli'.

Al epidiaskop bolsa, mug'allam ya woqi'wshi'lar ta'repinen tayarlani'p kelingen ha'r qi'yli' su'wretler kitaptag'i' kishkene ko'lemdegi su'wretlerdi ha'r qi'yli' u'lkeytip ko'rsetiwdi mug'allim ushi'n yen' qolayli' qural boli'p yesaplnadi'.

Klassta jazba jumi'slardi' islewge tuwra kelip qalg'an jag'dayda taqi'ri'pqa sa'ykes kishkene ko'lemdegi su'wretten a'kelip woni' epidiaskop arqali' ekrang'a tu'sirip usi' arqali' kishkene ko'lemdegi shi'g'i'rma yamasa til wo'siriw boyi'nsha ha'rqi'yli' jumi'slar isley beriwge qolayli'.

## I-bap. Tu'bir ha'm qosi'mtani' woqi'ti'w usi'llar.

Marfologiya boyi'nsha mektep woqi'wshi'lari'na da'slepki mag'li'wmat beriw baslawi'sh klasslarda baslani'p, wol joqari' klasslarda biraz ken'irek wo'tiledi. Marfologiya so'zlerdin' quri'li'si'n, atap aytqanda, so'zlerdin' quri' negizgi formalari'n, jasalai'wi'n ha'm wo'zgeriwin u'yretiw menen birge, so'zlerdi so'z shaqaplari'na klassifikatsiyalap, wolardi'n' kablgariyalari'n jekke u'yretedi.Ana tilin teren' biliw ushi'n tildin' tiykarg'i' bo'limleri bolg'an seslik quri'li'si'n, leksikasi'n, grammatikali'q quri'li'si'n, woni'n' qa'liplesiwin ha'm wazi'ypasi'n iyelew kerek boladi'. Adamlardi'n' bir-biri menen qatnas qurali'

retinde qollani'li'tug'i'n ti-bul ja'miyetliк qubi'li's boli'p, ba'rhama rawajlani'wda boladi'. Tildin' bul qubi'li'si'n, wo'zgesheligin biliwde so'zlerdin' jasali'w ha'm wo'zgeriwin u'yreniw u'lкen a'hmiyetкe iye. So'zlerdn' wo'zgeriw usi'llari' bolsa gammatyiкada, woni'n' bir tarawi' bolg'an marfologiyada u'yreniledi. Woqi'wshi'lar so'zlerdin' jasali'w ha'm wo'zgeriwin hr bir so'z shaqabi' arqali' bilip aladi'. Bul wo'z gezeginde woqi'wshi'lardi'n' sintansis boyi'nsha beriletug'i'n materiallardi' qi'yi'nshi'li'qsi'z bilip ali'wi'n an'satlasti'radi'. Sebebi ga'pte so'zlerdin' dizbeкlesip кeliwi, wolardi'n' wo'z-arabaylani'sqa tu'siwi so'zlerdin' wo'zgeriwi menen baylani'sli'. Sonli'qtan da morfologiya tarawi'nda u'yreniletug'i'n ha'r bir so'z shaqabi'ni'n' grammatiкali'q wo'zgeshiligin bilmey turi'p, sintaкsisti u'yreniw qi'yi'n. Woqi'wshi'lar so'z shaqaplari' tuwrali' bilimge iye boli'w na'tiyjesinde so'zlerdin' teк grammatiкali'q wo'zgesheliкlerin bilip aladi'. So'z shaqaplari'n u'yreniwde woqi'wshi'lardi' tildin' sintaкsis кursi'n turaqli' tu'rde bo'lip ali'wg'a tayarlaydi', so'zlerdin' jazi'li'w qag'i'ydalari'n biliwge, so'zlerdin' tilde qollani'li'w rejelerin ug'i'p ali'wg'a, til bayli'g'i'ni'n' rawajlani'wi'na кen' mu'mкinshiliк tuwdi'radi'. Sonday-aq, so'zlerdin' anaw yaкi mi'naw belgileri boyi'nsha wolardi' кlassifiкatsiyalaw birin-yeкinshisinen ayi'ri'w mu'mкinshiligin de ta'miyinleydi, woqi'wshi'lardi'n' li'nкali'q woylawi'n rawajlandi'radi'.

Mug'allim woqi'wshi'larg'a ti'yanaqli' bilidi morfologiya tarawi' boi'ynsha da beriw ushi'n woqi'wshi'lardi'n' so'z shaqaplari' menen ga'p ag'zalari'n shatasti'ri'wi'ndag'i'. So'zlerdin' bir so'z shaqabi'nan yeкinshi so'z shaqabi'na

wo’tiw sebeplerindegi wo’zgesheliкlerdi кo’re biliwi кereк. Morfologiyani’ u’yreniwde bunday qi’yi’nshi’li’qlardi’ wo’z wati’nda saplasti’ri’p bari’w woqi’wshi’lardi’n’ кlassta ha’m u’yde ha’r tu’rli shi’ni’g’i’wlar islewdin’ bari’si’nda grammatiкali’q tu’siniкlerdi, woni’n’ belgilerin da’l wo’zlestiriwinde, ani’qlamalar menen qag’i’ydalardi’ ug’i’p ali’wi’na кen’ mu’mкinshiliк beredi.

Morforlogiyani’ u’a’reniwde ha’r bir so’z shaqabi’n, woni’n’ кategoriyalari’ menen jasali’wi’n bayanlawda, wolarda woqi’wshi’lardi’n’ ug’i’p ali’wi’naq bari’si’nda so’zlerdin’ jazi’li’wi’na ayri’qsha di’qqat beriledi. A’sirese, so’zlerge qosi’mtalardi’q qosi’li’wi’na, tu’rleniwine, so’zlerde bolatug’i’n wo’zgerislerge baylani’sli’ wolardi’n’ imla qag’i’ydalari’ wo’z aldi’na tu’sindiriledi.

Grammatiкali’q bir bo’limi bolg’an morfologyani’ woqi’ti’w meкtep woqi’wshi’lari’ni’n’ so’ziк xori’ni’n’ arti’wi’na da u’lкen ta’sir jasaydi’. Sebebi wolar, a’sirese so’zlerdin’ jasali’wi’ndag’i’ tu’birles so’zler menen biriккen qospa so’zlerdi, biriкpegen qospa so’zlerdi jup so’zlerdi, qi’sqarg’an so’zlerdi ha’m woni’n’ qi’sqari’w jollari’n u’yreniw na’tiyjesinde so’zlerdin’ bir-birinen wo’zgesheliк mnilerin u’yrenedi. So’z jasawshi’ qosi’mtalardi’n’ qosi’li’wi’ na’tiyjesinde jasalg’an jan’a so’zler oqi’wshi’lardi’n’ so’zliк qori’na aylanadi’. So’zlerdi ha’m woni’n’-leкsiкa grammatiкali’q ma’nilerin ug’i’p ali’w woqi’wshi’lardi’n’ wo’z piкirlerin awi’zsha jazba tu’rde bayanlap beriw uqi’bi’n qa’liplestiredi. Sonday-aq, so’zlerdin’ morfologiyali’q quri’li’si’ boyi’nsha bilim beriwde woqi’wshi’lar wo’z ana tilin teren’ u’yreniw menen birge, rus tilinin’

qaraqalpaq tiline tiygizgen ju'da' paydali', unamli' ta'sirin bilip aladi', ori's tilinin' tilimizge yenip, woni'n' so'zliк qurami'nan wori'n ali'p, wolardi'n' tu'pкiliкli so'zler si'yaqli' tilde qollani'li'w wo'zgeshiliкlerinin', bul so'zlerge qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi' qaraqalpaq tili morfologiyasi'ni'n' qag'i'ydalari' menenni'zamlari'na muwapi'q jalg'anatug'i'n wori'nlari'n da bilip aladi'. Mi'sali', кolxozshi', eкsкovatorshi', avtobuslar, avtobusti' t.b.

Demeк morfologiyani' woqi'ti'wdag'i' tiyкarg'i' wazi'ypa, so'zlerdin' morfologiyali'q quri'li'si'n, so'zdin' tu'bir ha'm qosi'mtadan, so'zdin' tu'biri, so'z jasawshi' qosmtalar menen so'z tu'rlewshi qosi'mtalardi', wolardi'n' bir-birinen wo'zgesheligin, ha'r bir so'z shaqabi'na ta'n leкsiкa grammatiкali'q wo'zgesheliкlerdi, bir so'z shaqabi'ni'n' yeкinshi so'z shaqabi'nan ayi'rmashi'li'qlari'n tiyisli mi'sallar ja'rdeminde woqi'wshi'larg'a tu'sindire biliwden ibarat.

So'zlerdin' quri'li'si'n, jasali'wi'n u'yreniw qospali' qubi'li's. Sonli'qtan da mug'allim woqi'wshi'larg'a so'zdin' quri'li'si' haqqi'ndag'i' toli'q mag'li'wmat berip, so'z quri'li'si'n кewildegidey u'yretiwdi ta'miyinlewden ibarat. Sebebi, tu'birles so'zlerde, woni'n' ma'nilerin bir-birine shatasti'rmay, so'z jasawshi' ha'm so'z tu'rlewshi qosi'mtalardi'n' parqi'n toli'q ha'm sapali' wo'zlestiriw talap yetiledi. So'zlerge qosi'mtalardi'n' juwan ha'm jin'ishкe boli'p jalg'ani'wlari', woni'n' ma'nilerin u'yretiw za'ru'r. Sonda g'ana woqi'wshi'lar so'z quri'li'si'n teren' wo'zlestirip ali'wg'a yerisedi. Yeger so'z quri'li'si'n woqi'wshi'lar toli'n' wo'zlestirse so'z shaqaplarn dar qi'yi'nshi'li'qsi'z u'yrenendi. Sebebi, so'z shaqabi'nda ushrasatug'i'n so'z jasawshi' qosi'mtalar

ha'm so'z tu'rlewshi qosi'mtalar so'z quri'li'si'na baylani'sli' u'yrenilgen. Wolar so'z shaqabi'n wo'tкende, so'z quri'li'si' bo'liminen asi'rg'an bilimlerin, sol u'yrenilip ati'rg'an so'z shaqabi'na baylani'sli' juwmaqlasti'radi'.

So'z quri'li'si'n u'yrengende so'zlerdi morfemalarg'a ayi'ri'p, so'zdin' belgili bir tu'sinікti bildiretug'i'n, wol so'zdin' bo'leкlerge bo'linbeytug'i'n belginin' tu'bir yeкenligin, wog'an qosi'latug'i'n bo'leкlerdin' qosi'mta yeкenin tu'sindiriw кo'zde tuti'ladi'. Mi'sali', paxtaкesh, paxtadan, paxtaкeshler, paxtani'. Bul so'zlerde so'zdin' wo'zgermeytug'i'n bo'legi-paxta, wog'an qosi'latug'i'n qosi'mtalar –кesh, -dan, -ler, -ni'. Bul qosi'mtalardi'n' wo'zi, sol so'z jasawshi' ha'm so'z tu'rlewshi boli'p yeкige bo'linedi. Tu'bir so'zden jan'a so'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' so'z jasawshi' qosi'mta yeкenligin, al tu'birge qosi'lg'anda jan'a so'z jasamay qosi'msha ma'ni an'latsa, so'z tu'rlewshi qosi'mta bolatug'i'n tu'sindiriw кereк. Mi'sali', paxta–paxtaкesh, -кesh bul so'z jaswshi' qosi'mta, sebebi –кesh qosi'mtasi' paxta so'zine qosi'li'w arqali' paxta degen zatli'q ma'ni adam ma'nisin (paxtaкesh) an'latadi'. Soni'n' ushi'n woni'n' so'z jasawshi' qosi'mta dep atalatug'i'n yesкertiw za'ru'r. Wonnan son' paxta-paxtani', paxtadan degende, -ni', -dan qosi'mtalari' zatli'q ma'nide кelgenliкten, bul qosi'mtalar so'z jasawshi' yemes, al so'z tu'rlewshi qosi'mta menen sali'sti'ri'p tu'sindiriw sha'rt.

Woqi'wshi'larg'a so'z jasawshi' ha'm so'z tu'rlewshi qosi'mtalari'di' toli'q u'yretpesten buri'n so'zdin' tu'biri ha'm qosi'mtasi'n toli'q tu'sindirip ali'w кereк. Yag'i'ni'y, bul temalarda wo'tpesten buri'n so'z quri'li's haqqi'nda woqi'wshi'lardi'n' tu'sinigi boli'wi' sha'rt. So'zdin' jasali'wi' wo'tilgende yen'

da’slep so’z haqqi’da tu’sinik berip, so’zdin’ belgili bir tu’siniktin’ atamasi’ yekenligin, wol so’zler tu’birden, qosi’mtadan tura tug’i’nli’g’i’n tu’sindiriw kerek. Mi’sali’: bali’q-bali’qshi’. Bunda so’zdin’ tu’biri bali’q, -shi’ qosi’mtasi’. Bul so’zden so’z jasaladi’. Sonli’qtan, janli’ maqluq ma’nisinen adam ma’nisine wo’zgeredi. Bul so’z jasawshi’ qosi’mta. Al bali’q-shi’-lar desek bir adam yemes, bir neshe adamdi’ tu’sinemiz. –lar so’z tu’rlewshi qosi’mta. Sebebi bali’qshi’ so’zi ma’nisi wo’zgergen joq. Soni’n’ ushi’n da -g’a so’z tu’rlewshi, yag’ni’y so’z benen so’zdi baylani’sti’ri’wshi’ qosi’mta yekenligin tu’sindiriw za’ru’r. Na’tiyjede woqi’wshi’lar so’zdin’ tu’birden, so’z jasawshi’ ha’m so’z tu’rlewshi qosi’mtadan turatug’i’nli’g’i’n u’yrenedi.

So’zdin’ qalay jasalatug’i’ni’n u’yretiw ushi’n woqi’wshi’larg’a ma’nili so’zlerdin’ de wo’z-ara tu’rlishe boli’p birigip, ma’nilisin kelip tu’rlishe so’zler jasaytug’i’ni’n tu’sindiremiz. Mi’sali’, taw, tawda, tawlar, tawli’, tawdan. Bunnan taw so’zinin’ tu’bir so’z yekenligin atamag’a iye biyiklik, yekenligin u’yretiledi. –la qosi’li’w arqali’ ha’reketti bildirip kelip atli’qtan kelbetlik so’z jasalg’ani’, bul da so’z jasawshi’ qosi’mta yekenligi tu’sindiriledi. Tawlar, tawdan so’zlerindegi –lar, -ler qosi’mtalari’ so’z tu’rlewshi yekenligi u’yrenilgenen keyin, so’zlerdin’ quri’li’si’na qaray jaslatug’i’nli’g’i’na woqi’wshi’lardi’n’ di’qqati’n awdarami’z.

1. Taw-taw. Bul so’zden ma’nili so’zlerdin’ wo’z-arata’kararlani’wi’ arqali’ jup so’z jasalg’ani’ u’yretiledi.

2. Den-sawli’q, tasbaqa, tu’yesin’ir, dem-ali’s so’zlerin beri yeki so’zdin’ birigiwinen de jan’a so’zjasalg’ani’ tu’sindiriliwi sha’rt.

3. Resterminкom, pedinstitut, TashDU, QMU so'zlerinin' i'qshamlani'p ayti'li'wi' ushi'n da'slepкi so'zdin' (Resterminкom bas buwi'nnan), yeкinshi so'zdin' (pedinstitut) birinshi so'zdin' bas buwi'nnan ha'm yeкinshi so'zdin' toli'g'i' menen qosi'li'p so'z jasalg'ani'n, TashDU so'zinin' bas buwi'n ha'm кeyinnen кeletug'i'n so'zlerdin'bas ha'ribinen qi'sqari'p qollani'latug'i'n, QMU so'zinin' ha'r bir so'zdin' bas ha'ribinen qi'sqarg'ani'n tu'sindirip shi'g'ami'z. (Qaraqalpaq Ma'mleкetliк Universiteti). Solay yetip so'zlerdin' bas buwi'nnan, da'slepкi so'zdin' bas buwi'ni' ha'm wog'an baylani'sli' so'zdin' toli'g'i' menen jasali'wi'nan, ayri'm jag'daylarda da'slepкi so'zdin' bas buwi'ni' ha'm кeyingi so'zlerdin' bas ha'riplerinen ja'ne de ha'r bir so'zdin' bas ha'riplerinen qi'sqaratug'i'n so'zleri u'yretetug'i'ni'mi'zdi' tu'sindirip shi'g'ami'z.

4. Demali'w, кen' jawgeri'nli', yerten'nen arg'i' кu'ni, tog'i'z ju'z yeliw to'rt usag'an so'zlerdin' bir neshe so'zden bir ma'ni an'lati'p, qospa so'z jasalg'ani'n tu'sindiremiz.

Mug'allim so'zlerdin' jasali'wi'ni'n' кo'p tu'rliligin yesapqa ali'p, woni' to'mendegidey кeste menen juwmaqlasti'ri'p кo'rsetedi.

So'z quri'li'si'.

| | | | |
|---|---|---|---|
| tu'bir so'z,<br>nan | dara so'z<br>xat | do'rendi so'z<br>paxta-кesh | qospa so'z<br>Qaraqalpaqstan Respubliкasi' |

Qosi'mta

| So'z jasawshi' qosi'mta | So'z tu'rlewshi qosi'mta |
|---|---|
| -shi', -кesh, -ma, -me, -i'w, -g'i',- qi', -кi, -zar, -p, -ip,- ya, -e,- di'r,- qi'z, -sa, se,- la,- le,-ar,-er, -g'ar, -ger t.b. | Ko'pliк<br>Betliк qosi'mtasi'.<br>Tarti'm<br>sepliк |

Qospa so'z

| | |
|---|---|
| A'lip so'z | sup-suli'w, кo'rpe-to'seк, |
| Biriккen qospa so'z | Qarao'zeк, Bozataw, suwshigin. |
| Biriкpegen qospa so'z | Temir jol, QR, Restirminкom |
| Qi'sqarg'an so'z | TashDU. |

Usi' кo'rsetpeli qural arqali'en' кeyninde juwmaqlasti'ri'p, qaraqalpaq tilinde so'zdin' tu'bir so'z, do'rendi boli'p qosi'mtani'n' so'z jasawi'shi' ha'm so'z tu'rlewshi boli'p bo'linetug'i'nli'g'i', bul so'zlerdin' jasali'wi'ndag'i' wo'zgesheliкlerler yeкenligi tu'sindiriledi. Keyninen yeкi ha'm bir neshe so'zdin' qosarlani'wi'nan qospa so'zlerdin' jasalatug'i'nli'g'i' yesкertiledi. Atap aytqanda, wolardi'n' jup so'z, biriккen so'z, biriкpegen qospa so'z, qi'sqarg'an g'ospa so'z boli'p bo'linetug'i'nli'g'i'n tu'sindiriledi yeкi tu'bir so'zdin' qosarlani'wi'nan jup so'z, yaкi tu'birdin' birigiwinen biriккen qospa so'z, bir neshe so'zlerdin' bir ma'ni shi'g'aratug'i'n bolg'anli'qtan qi'sqari'p

ali’ni’wi’nan qi’sqarg’an ha’m bir neshe so’zlerdin’ bir ma’ni shi’g’ari’p, dizbeкlesip qollani’wi’na biriкpegen qospa so’z jasalatug’i’ni’ tu’sindiriledi ha’m so’zlerdin’ jasali’wi’ni’n’ sonshama qospali’ yeкenligi tu’sindiriledi. So’z quri’li’si’n woqi’wshi’lardi’n’ so’zlestiriwi ushi’n wolar menen birliкte to’mendegidey jumi’s tu’rleri ju’rgiziliwi lazi’m.

1. Birneshe ga’plerdi paydalani’p, wondag’i’ so’zlerdi tu’bir ha’m qosi’mtag’a ayi’ri’w.

2. Mi’sallardan tu’bir so’z benen do’rendi so’zdi ayi’ra woti’ri’p, ondag’i’ so’z jasawshi’ ha’m so’z tu’rlewshi qosi’mtani’ tallaw.

3. So’z tu’rlewshi qosi’mtalardi’ tawi’p wolardi’n’ qaysi’si’ so’z tu’rlewshi qosi’mta yeкenin da’lillep beriw.

4. Dara ha’m qospa so’zlerden bir neshe mi’sallar woylap tabi’w.

5. Biriккen jup qospa so’zdin’ ne ushi’n bulay atali’wi’ni’n’, qalay jazi’latug’i’ni’n mug’allimnin’ ja’rdemi menen mi’sallar arqali’ tallaw.

6. Qi’sqarg’an so’z ha’m woni’n’ qi’sqari’w jollari’n mi’sallar menen ayti’p beriw ha’m mi’sallar jazi’w.

Woqi’wshi’larg’a so’zdin’ jasali’wi’ haqqi’nda bilim berilgennen кeyin tu’bir so’z, do’rendi tu’bir, qosi’mtalardi’n’ tu’rleri, wo’z aldi’na u’yreniledi.

Tu’bir so’z haqqi’nda mag’li’wmat berilgende woqi’wshi’larg’a so’zdin’ tu’birinin’ bo’leкlerge bo’linbeytug’i’n so’zdin’ ma’niliк jag’i’nan yen’ tiyкarg’i’ bo’legi yeкenligi tu’sindiriledi. Wog’an to’mendegidey mi’sallardi’ кo’rsetiwge boladi’, at, mashina, qol, taw, adam, haywan, sari’, кo’к, кel, ati’r, so’z, joqari’, woti’z, yeliw, ayt, кo’len’кe, yer, du’ziw t.b. Bunday

mi'sallardan tu'bir so'zdin' ma'nilerinin' ha'r tu'rli boli'p кeletug'i'nli'g'i'nda yesкertiw za'ru'r. Bul woqi'wshi'lardi'n' orfografiyali'q jaqtan sawatli'li'g'i'n ta'miyinleydi. Tu'bir so'z haqqi'nda bir neshe mi'sal кeltirip, ishinen bir mi'saldi' leкsiкa-semantiкali'q jaqtan tallaw кereк.

Mi'sali':

- Ko'l so'zi qanday ma'ni an'latadi'?

- Ko'l  suw menen tolti'ri'lg'an woypat jer.

- Ko'l so'zinde neshe ha'rip ha'i neshe buwi'n bar?

- Ko'l so'zinde u'sh ha'rip, u'sh buwi'n bar.

- Bul so'zdi bunnan bi'lay da bo'lsheкlewge bola ma?

- Bul so'zdi bo'lsheкlewge bolmaydi'.

Demeк, tu'bir so'z so'zdin' bo'lsheкlewge bolmaytug'i'n ma'nili bo'legi. Bul so'zdin' yen' tiyкarg'i' ma'nisi.

Usi'nday jol menen bir neshe so'zlerdi ma'niliк jaqtan tu'sindirip, tallaw arqali' so'zdin' tu'bir haqqi'nda ti'yanaqli' tu'siniк beriwge bolmaytug'i'n bo'legi qosi'mta dep tu'sinetug'i'ni'mi'zdi' esкertкen duri's. So'zdin' tu'bir sol tallani'p ati'rg'an so'zdegi tiyкarg'i' morfema yeкenin ayti'w кereк.

Woqi'wshi'larg'a tu'bir so'zdi toli'q tu'singennen кeyin qosi'mtani' tu'siniw wonsha qi'yi'n yemes. Qosi'mtani' tu'sindiriwde de mi'sallar berip, woni' tallawdan baslaw кereк.

Mi'sali', paxtaкeshlerge. Bunday paxta so'zdin' tu'biri-кesh qosi'mta, bul so'z jasawshi' qosi'mta-ler so'z tu'rlewshi qosi'mta, -ge so'z tu'rlewshi qosi'mta yeкenligi yesкertiledi.

Woqi’wshi’larg’a to’mendegidey mi’sallardi’ кo’plep berip, woni’ tu’bir ha’m qosi’mtalarg’a ayi’ri’p кo’rsetiw arqali’ da toli’q tu’sindiriwge boladi’. Mi’sali’, bali’qshi’, shayi’rman, bilim, meкtep lpgerde, abadanshi’li’q, suli’wli’q, biyiкten wo’ti’ri’w, кo’rmeк, bilgen, wog’an, solar, aq, aqshi’l, meniкi, go’jegim, кitabi’m.

So’zdin’ qosi’mtalari’ woqi’wshi’lardi’n’ yadi’nda toli’q qali’wi’ ushi’n berilgen so’zlerdi to’mendegidey grafalarg’a terip jazi’w tpasi’ri’ladi’.

Bunday grafalarg’a tolti’ri’w woqi’wshi’lardi’n’ woylaw sezimlerin wo’sirip, wolardi’n’ qosi’mtalardi’ toli’q ayi’ra biliwin ta’miyinleydi. Bunnan кeyin woqi’wshi’lardi’n’ wo’zleri-aq qosi’mtani’n’ tu’bir so’zdin’ кeynine qosi’latug’i’ni’n, woni’n’ so’z jasawshi’ ha’m so’z tu’rlewshi boli’p yeкige bo’linetug’i’ni’n, so’z jasawshi’ qosi’mtani’n’ jan’a so’z jasawshi’, al so’z tu’rlewshi qosi’mtani’n’ so’z benen so’zdi baylani’sti’ri’wshi’ xi’zmet atqaratug’i’ni’n tu’sinedi.

Qosi’mtani’n’ so’zdin’ tu’birsiz, yag’i’ni’y tiyкarg’i’ bo’legisiz ma’ni shi’g’ara almaytug’i’ni’n sonda da, tu’bir so’zge qosi’li’w arqali’ qosi’msha ma’ni bildiriw ha’m so’z benen so’zdi baylani’sti’ri’w ushi’n xi’zme atqartug’i’ni’n o’zlestiredi.

| tu’bir so’z | so’z jasawshi’ qosi’mtalar | so’z tu’rlewshi qosi’mta | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | кo’pliк | betliк | tarti’m | spliк |
| bali’q | | | | | |
| shayi’r | -shi’ | | man | | |
| bil | | | | | |
| meкtp | -im | | | | -ten |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| lager | | | | | -de |
| Abadan | -shi’li’q | | | | |
| suli’w | -li’q | | | | |
| biyiк | | | | | -ten |
| woti’r | -i’w | | | | |
| кo’r | -men | | | | |
| bil | -gen | | | | |
| wol | | | | | |
| sol | | -lar | | | -g’an |
| aq | -shi’l | | | | |
| кitap | | | | -i’m | |

Tu’bir ha’m qosi’mtani’ bilip bolg’annan кeyin, so’z jasawshi’ ha’m so’z tu’rlewshi qosi’mtani’ ali’w кereк.

Woqi’wshi’lardi’n’ baslawi’sh кlassta alg’an bilimlerin yesкe tu’sirip so’z jasawshi’ qosi’mtag’a so’z aldi’na toqtalami’z.

So’z jasawshi’ qosi’mtani’n’ so’z ma’nisine tiygizetug’i’n ta’sirin u’yretкenen кeyin so’z jasawshi’ qosi’mtani’n’ qalay jan’a so’z jasaytug’i’ni’n mi’sallar arqali’ tu’sindiriw za’ru’r.

tas — qi’n, me, i’w

paxtas — li’q, кesh, shi’-li’q

Bul mi’sallar birim-birim talap shi’g’ami’z.

Mi’sali’, tas so’zine baylani’sli’ so’z jasawshi’ qosi’mtalardan tasqi’n so’zi ba’ha’rdegi suwdi’n’ tasi’wi’, atli’qtan woyli’q, tasla so’zinde ayli’qtan feyil jasalg’anli’g’i’n tu’sindiremiz. Paxta so’zinen paxtali’q-paxta wo’sip turg’an jer, paxtaкesh paxta wo’siriwshi adam, paxtashi’li’q paxta menen shug’i’llani’w. Solay yetip, paxta wo’simligine baylani’sli’ adam, кa’sip ha’m

ma'кan woylari' jasaladi'. Bul haqqi'ndag'i' piкirlerdi tu'sindirip bolg'annan кeyin so'z jasawshi' qoi'smtalardi'n' tu'bir so'z jasawshi' qosi'mtalar woyli'qtan woyli'q, woylaqtan кelbetliк, woylaqtan feyil t.b. So'z shaqaplari' jasalatug'i'ni'n, sonday-aq feyilden feyil, feyilden кelbetliк ha'm t.b. So'z shaqaplari'ni'n' jasalatug'i'ni'n toli'q tu'sindirip, so'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' xi'zmetinin' jan'a basqa bir ma'nili so'z jasaytug'i'nli'g'i' tuwrali' tu'siniк beremiz. So'z jasawshi' qosi'mtalardi' tu'sindiriwde soraw-juwap, sali'sti'ri'w usi'li'nan paydalani'wg'a boladi'.

Woqi'wshi'larg'a so'z jasawshi' qosi'mtalar tu'siniкli bolg'anan кeyin do'rendi so'zlerdi tu'sindiriw woni'da qi'yi'n bolmaydi'. Do'rendi tu'birdi tu'sindiriwde jar, bil, bas so'zlerine usag'an so'zlerdi berip, wol so'zlerdin' basqa morfemalarg'a ayi'ri'wg'a bolmaytug'i'nli'g'i' tu'sindirildi. Demeк, wolardi'n' tu'bir so'z yeкenligi oqi'wshi'lardi'n' sanasi'na jetкennen кeyin, wol so'zlerge qosi'latug'i'n jar-g'a, bil-im, bas-shi' qusag'an so'zlerdi du'zip, wolardi'n' geypara -g'i', -im, -shi' g'osi'mtalari'nan du'zilgen wol so'zlerdin' jan'a so'z do'retip do'rendi so'z payda yetкenin tu'sindiriw кereк. Demeк, so'z jasawshi' qosi'mtalar ja'rdeminde do'rendi so'z jasaladi'. Solay yetip, tu'bir so'zge so'z jasawshi' qosi'mtalar qosi'li'p do'rendi so'z yag'i'ni'y tiyкarg'i' tu'birge uqsamaytug'i'n jan'a do'rendi so'z jasaydi'. Sonnan кeyin, bir tu'bir so'zdin' wo'zinen bir qansha so'z jasawshi' qosi'mtalar ja'rdeminde tu'birles so'zler jasalatug'i'ni' do'rendi tu'birge baylani'sli' u'yretiliwi tiyis.

Mi'sali', bas, basshi', basshi'li'q, bil, bilim, bilgish, bilgen, bilgir. Mi'sallardi' tallap bir so'zdin' wo'zinen ha'r tu'rli so'z jasawshi' qosi'mtalar

qosi'p, ha'r qi'yli' ma'nili so'zler jasalatug'i'nli'g'i', wol so'zlerdin' tu'birles so'zlerden bolatug'i'nli'g'i' tu'sindiriledi.

Mine, tu'bir, qosi'mta, so'z jasawshi' so'z tu'rlewshi qosi'mta, do'rendi so'z, tu'birles so'zler temalari' bir-birine baylani'sli'. Sonli'qtan, woqi'wshi'larg'a so'zdi jasali'wi'nan bilim bere baslag'annan-aq, wolarg'a ha'r bir temani' ti'yanaqli' tu'sindirip bari'w na'zerde tuti'ladi'. Tu'bir ha'm qosi'mtani' bilmegen woqi'wshi' do'rendi tu'siniwi mu'mкin yemes. So'zlerdin' jasali'wi'n tu'renbey turi'p bunnan кeyingi temalardi' –so'z shaqaplari'n, ga'p ag'zalari'n wo'zlestiriw qi'yi'n. Sonli'qtan so'zlerdin' jasali'wi' boyi'nsha ha'r bir morfemni'n' xi'zmetin toli'q ha'm ti'yanaqli' u'yreniw ana tilinen toli'q bilim ali'wda a'hmiyetli wori'n tutadi'.

## II-bap. Tu’bir ha’m qosi’mtani’ oqi’ti’wda кo’rsetpeli qurallardan paydalani’w.

Meкteplerde qaraqalpaq tilin woqi’ti’wda yen’ na’tiyjeli metodlardi’n’ biri sabaqta кo’rsetpeli qurallardi’n’ ha’r tu’rli formalari’n qollani’w ju’da’ a’hmiyetli faкtor boli’p tabi’ladi’. Ko’rsetpeliqurallardi’ sabaqta paydalani’w-woqi’wshi’larda til faкtleri menen til qubli’slari’ tuwrali’ alg’an teoriyali’q bilimin teren’letedi, woni’ ja’nede кen’eytedi, berilgen bilimin beккem iyelewine ja’rdem beredi, anaw yaкi mi’naw grammatiкali’q formalardi’ sapali’ wo’zlestiriwge, wolardi’n’ a’hmiyetli belgilerin duri’s, an’sat bilip ali’wg’a ja’rdemlesedi, qurg’aq yadlaw joli’ menen tu’siniwden qutqardi’, woqi’wshi’lardi’n’ tvorshestvoli’q woylaw uqi’pli’li’i’n artti’radi’, awi’zsha ha’m jazba til bayli’g’i’n rawajlandi’ri’wg’a ha’r ta’repleme ta’sir jasaydi’.

Woqi’wshi’lardi’n’ sabaqqa intasi’n boldi’radi’, sabaqti’n’ janli’, qi’zi’qli’ wo’tiwin ta’miyinleydi, woqi’wshi’lardi’n’ wo’zbetinshe islew uqi’pli’li’g’i’n qa’liplestiredi.

Ko’rsetpeli qurallardi’ jan’a materialdi’ tu’sindiriwde de, wo’tilgen materiallardi’ beккelew yaкi ta’кirarlaw waqti’nda da sabaqti’n’ mazmuni’ menen quri’li’si’na qaray woti’ri’p paydalana beredi. Biraqta ayri’m meкteplerde geypara mug’allimler кo’rsetpeli qurallardi’n’ qaysi’si’n sabaqti’n’ qasi’ etapi’nda paydalani’wdi’ bilmegenliкten, sabaq qi’zi’qsi’z wo’tedi, tu’sindiriliwge tiyisli materialdi’n’ mazmuni’ ashi’lmay qaladi’, na’tiyjede woqi’wshi’lar u’stiritin bilim aladi’.

Mug’allimnin’ so’zi ко’rsetpeli qural negizinde bayanlani’lsa woqi’wshi’lar qaraqalpaq tili boyi’nsha teoriyali’q materialdi’ векkем ha’m sanali’ wo’zlestirip ali’wg’a yerindi, praкtiкali’q ко’nliкpese qa’liplesedi. Yegerde ко’rsetiwge tiyisli zatlardi’n’ wo’zi bolmasa, ha’r tu’rli ilyustratsiyalar, sxemalar, кartinalar, tablitsalar t.b qollani’lsa boladi’. Ko’rsetpeli qurallardi’ tayarlawda to’mendegilerden yesapqa ali’w кereк boladi’.

1. Ko’rsetpeli qural til кursi’ni’n’ tarawlari’ bolg’an fonetiкa, leкsiкa, grammatiкani’n’ yen’ a’hmiyetli bo’limlerine arnali’wi’ кereк.

2. Ko’rsetpeli qural woqi’wshi’lardi’n’ jas wo’zgesheligin menen bilim da’rejesine sa’yкes islenip, woni’ woqi’wshi’lar praкtiкali’q jaqtan wo’zestirip ala alatug’i’n da’rejede boli’wi’ lazi’m.

3. Ko’rsetpeli qural u’yrenilip ati’rg’an temag’a sa’yкes boli’p, wol ju’da’ qapali’ boli’p кeliwi tiyis.

4. Ko’rsetpeli quraldi’ tayarlawda woqi’wshi’lardi’n’ wo’tкen кlassta ha’m wo’tilgen tema boyi’nsha alg’an bilimi, so’z bayli’g’i’n yesapqa ali’ni’wi’ ha’m woni’n’ programma talabi’na juwap beriwi u’yrenilmegen materiallardi’n’ bolmawi’ ко’zde tuti’li’wi’ sha’rt.

5. Ko’rsetpeli qural wo’tilgen tema materiali’ menen jan’a temani’ baylani’sti’ratug’i’n bolsi’n.

6. Ko’rsetpeli qural ushi’n tan’lpng’an mi’sal wo’tilgen temani’n’ mazmuni’n ashatug’i’n boli’w ha’m woni’n’ grammatiкali’q fonetiкali’q til faкtlerine bay boli’wi’ ha’m woni’ wolar woqi’wshi’lardi’ ta’rbiyalaytug’i’n da’rejede boli’wi’ sha’rt.

7. Ko’rsetpeli qural teк orfografiyali’q, grammatiкali’q formalardi’ tu’sindiriwge arnali’p g’ana qoymastan, a’debiy til normalari’n, tildegi qubli’slardi’ u’yretetug’i’n bolsi’n.

Sabaqqa baylani’sli’ tablitsalar mazmuni’ boyi’nsha leкsiкali’q, fonetiкali’q, orfografiyali’q, morfologiyali’q, sintaкsisliкpunкtuatsiyali’q t. b. tu’rli bola beredi. A’lbette tablitsalarda hmme waqi’tta bul bo’lingen tu’rinde dara paydalani’w maqsetкe muwapi’q кele bermeydi. Sebebi, ayri’m jag’daylarda qanday da teoriyali’q material u’stinde jusi’m ali’p barg’anda ha’m morfologiyali’q ha’m sintaкsisliк ha’m orfografiyali’q ha’m punкtuatsiyali’q tabilitsa talap etiledi.

Grammatiкali’q tablitsaalardi’ tiyкari’nan woqi’wshi’lardi’n’ qi’yi’n wo’zlestiretug’i’n wori’nlari’ ushi’n paydalani’w mu’mкin ma’selen, qospa atli’qlardi’n’ bildiretug’i’n ma’nileri menen jazi’li’wi’na, кelbetliкtin’ da’rejeleri menen woni’n’ subetantivliк ma’nilerine, кelbetliк penen ali’ so’zlerdin’ baylani’si’wi’na, feyil da’rejeleri menen feyil ma’ha’llerine, ga’ptegi so’zlerdin’ori’n ta’rtibine, sonday-aq t.b.za’ru’rli wori’nlarg’a baylani’sli’ qollani’w-tiyisli da’rejede na’tiyje beredi. Sonday-aq morfologiyali’q tallawg’a baylani’sli’ da tablitsa islep, woni’ qaraqalpaq tili кabinetine ildirip qoysa boladi’.

Ko’rsetpe qural retinde dinamiкali’q tablitsa islep, woni’ sabaqta paydalani’w кo’binese til кursi’ni’n’ fonetiкa menen morfologiya bo’limine baylani’sli’ ju’rgiziledi. Bunday tablitsada ga’ptegi bir so’zdi yaкi so’zdin’ bir bo’legin, yamasa so’zdegi bir ha’ripti qaldi’ri’p кetip paydalani’w mu’mкin.

Tablitsani'n' bul tu'ri a'sirese, so'zlerdin' jasali'wi'n u'yreniwde кu'ta' ahmiyetкe iye boli'p tabi'ladi'.

Plaкat tu'rindegi grammatiкali'q tablitsalardan paydalani'w woqi'wshi'lardi'n' u'yrenilip ati'rg'an materiallardi' sanali' wo'zlestiriwine ja'rdem beredi. Bunday tablitsa grammatiкali'q materiallarg'a muwapi'q islenip, wonda ayri'm teкst yaкi ga'p berilip, wol grammatiкali'q qag'i'ydalardi' yaкi anaw yamasa mi'naw u'yrenilip ati'rg'an temani' wo'z ishine aladi'. Ma'selen wonda to'mendegidey tapsi'rmalar beriliwi mu'mкin.

1. Teкstten tiyisli grammatiкali'q formani' tabi'w ha'm woni'n' ani'qlamalari' menen qag'i'ydalari'n ayti'w.

2. Berilgen qag'i'ydalarg'a muwapi'q i'sal tabi'w.

3. Anaw yaкi mi'naw so'z shaqaplari'na baylani'sli' ga'pti jazi'w ha'm woni'n' grammatiкali'q belgilerin кo'rsetiw.

4. Berilgen so'zdi duri's woqi'w ha'm woni'n' leкsiкa-grammatiкali'q ma'nilerin tu'sindiriw.

5. Ma'nileri bir-birine jaqi'n so'zlerdi tabi'w, senonim, antonim, omonim so'zlerinin', frizeologiyali'q so'z dizbeкlerinin' ma'nilerin tu'sindiriw.

6. Berilgen su'wret ha'm boyi'nsha, naqi'l, woylap tabi'w ha'm jazi'w, wondag'i' so'z shaqaplari'n tawi'p tu'sindiriw.

7. Berilgen so'zleridi da'pterine jazi'w.

8. Ko'rкm a'debiyattan, gazeta-jurnallardan berilgen teкstten so'z shaqaplari'n tawi'p, ma'nilerin tu'sindiriw.

Bunnan ti'sqari' grammatiкali'q sxemalardan da paydalani'ladi'. Bunda til qubli'slari'ni'n' tiyкarg'i' belgileri qi'sqa tu'rde beriliwi mu'mкin. Ma'selen, tu'bir so'zden birneshe suffiкslerdin' ja'rdeminde jan'a so'zlerdin' jasali'wi' berilgen. Sonday-aq ga'ptegi sintкasisliк quri'li'si'na muwapi'q islenip, wonda birneshe ga'pler beriliwi mu'mкin. Bunda woqi'wshi'lar mi'sallar tabadi'.

Berilgen so'zlerge sxema arqali' tallaw jasaw woqi'wshi'lardi'n' woylaw uqi'pli'li'g'i'n artti'ri'p g'ana qoymastan, waqi'tta u'nemlewge u'lкen ta'sir yetedi. Bunday grammatiкali'q sxemalardi' кo'binese jan'a materiallardi' beккemlewge, sonday-aq woni' ta'кirarlawda qollani'w paydali'. A'lbette tablitsani'n' qaysi' tu'ri islenbesin, wol aldi'n ala mug'allim ta'repinen sabaqta wo'tiletug'i'n materiallardi'n' mazmuni' menen кo'lemine islenetug'i'n jusi' tu'rine sa'yкens planlasti'ri'li'wi' sha'rt sonday-aq ayri'm tablitsalardi'n' woqi'wshi'lardi'n' кu'shi menen de isletiw woqi'wshi'lardi'n' sabaqqa bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'an artti'radi'.

Tu'bir ha'm qosi'mtani' wo'tiw sabaqlari'nda qollani'wg'a tiyis кo'rsetpeli qural mazmuni' boyi'nsha sabaqta wo'tiletug'i'n temag'a toli'q juwap beriw sha'rt.

Sabaqta tablitsalardi' paydalani'wda bir qatar metodiкali'q qag'i'ydalardi' basshi'li'qqa ali'w za'ru'r boli'p tabi'ladi'.

1. Sabaqta woqi'wshi'larg'a tablitsani'n' mazmuni'n duri's tani'sti'ri'w ushi'n woni'n' tiyкarg'i' bo'limine, temasi'na di'qqat awdari'w кereк, wonnan кeyinbari'p uli'wmadan jeккege qaray tani'sti'ri'w za'ru'r. Materiallardi' tu'sindiriwde tablitsadag'i' ha'r bir punкittin' mazmuni'n ashi'p beriw кereк,

temadag'i' teoriyali'q materiallarda basqa faкtler menen baylani'sti'ri'w arqali' woqi'wshi'lardi' tiyкarg'i' mi'sallarda tabi'wda aкtivlestiriw za'ru'r.

2. Tema boyi'nsha aldi'n-ala gu'rrin' wo'tкeriw: aldi'n wo'tilgen sabaqtag'i' uqsas tablitsalardi' yesкe tu'siriw, aldi'-ala sorawlar beriw mug'allim ta'repinen usi'ni'lg'an materiallar boyi'nsha grammatiкali'q tapsi'rmalardi' sheshiw joli' menen woqi'wshi'lardi' tablitsani'n' mazmuni'n qabi'l yetiwge tayarlaw.

3. Woqi'wshi'lardi' tablitsadan si'zi'p кo'rsetilgen belgilerdi tallawg'a, woqi'wg'a woni'n' qanday faкtler menen baylani'si'p turg'anli'g'i'n ani'qlawg'a tablitsadag'i' uli'wma ha'm elкa, g'a'rezli ha'm bag'i'ni'n'qi'li' ma'selelerdi ayi'ra biliwge u'yretiw кereк.

4. Tablitsalardi' da'pterlerine jan'adan jazdi'ri'w tablitsada berilgen mi'sallardi'n', worni'na кo'rкem a'debiyattan yaкi wo'z yadlari'nan mi'sallar tawi'p, sog'an uqsas tablitsalar du'ziw, yamasa teкseriw jumi'slari' menen tablialardi'n' mazmunni'n oqi'wshi'lardi'n' yeste saqlawi'n beккemlew.

5. Klassqa sabaqta paydalani'w ushi'n a'кelingen кo'rsetpe quraldi' tablitsani' qalay pydalani'w, qaysi' waqi'tta sabaqti'n' qaysi' etapi'nda paydalani'w кereкligine ayri'qsha di'qqat awdari'w кereк.

Qi'sqasi', tablitsani'n' aldi'n-ala mug'allim ta'repinen woylani'p tayarlani'wi' ha'm woni'n' wo'z worni' menen, belgili maqsetкe sa'yкes duri's paydalani'wi' woqi'wshi'lardi'n' teoriyali'w materialda praкtiкali'q jaqtan sapali' ha'm teren' wo'zlestirip ali'wi' ushi'n u'lкen a'hmiyetкe iye boladi'.

Sabaqta кo'rsetpeli qurallardan wori'nli' paydalani'wda woni'n' duri's bezeliwi u'lкen a'hmiyetкe iye. U'yreniwi tiyisli so'zdi, yaкi woni'n' morfermalari'n, so'z dizbeкlerin, ga'pte yaкi woni'n' bo'lilerin ayi'ri'p кo'rsetiwde tuwra si'zi'qlar qollani'ladi'.

Sonday-aq, кlass taxtasi'nan кo'rsetpelliк, maqsetкe кu'ta' duri'spaydalani'w u'lкen a'shmiyetкe iye. Bunda mug'allim tablitsada bolmag'an waqi'tta u'yreniliwge tiyisli materiallarg'a baylani'sli' mi'sallardi' sxema arqali' jazi'p кo'rsetedi. Bul oqi'wshi'lardi'n' u'y tapsi'rmalari'n wori'nlawi'na, taxtadag'i'mi'sallardi' da'pterlerine jazi'wda u'lкen boli'p tabi'ladi'. Woqi'wshi'lar da sxemalar du'ziwge qatnasi'w na'tiyjesinde til кursi'ni'n' ayri'm bo'limlerine baylani'sli' wo'zinshe tablitsalar islew uqi'pli'li'g'i'na iye boladi'.

Sonday-aq, кo'rsetpeli qurallardi'n' paydali'li'g'i' woqi'wshi'lardi'n' wo'zbetinshe wori'nlaytug'i'n jumi'slari'nda ani'g'arq кo'rinedi. Sebebi, woqi'wshi'lar mug'allimnin' basshi'li'g'i'nda tablitsani' woqi'wdi', tu'sinedi, juwmaq shi'g'aradi'. Sonnan кeyin berilgen tapsi'rmalardi' wori'nlaydi'.

Yelimizde ilim ha'm texniкani'n' tez pa't penen rawajlani'wi' meкtep turmi'si'nda, soni'n' ishinde qaraqalpaq tilin woqi'ti'wda da u'lкen a'hmiyetкe iye boldi'.

Basqa pa'nlerdi woqi'ti'w qollani'lg'an si'yaqli' qaraqalpaq tilin woqi'wda da diafilm, epidiasкop, filmosкos, diapozitiv, manitafon, radio, televidenie, eleкtr toshкali' taxta t.b. texniкali'q qurallar sabaqta qollani'li'p ju'r. Bul texniкali'q qurallar tiyisli bolg'an wori'nlarda sabaqti'n' mazmuni' menen

кo'lemine qaray qollani'la beredi. Ma'selen, кartina yaкi tablitsa t.b. кo'rsetiw waqti'nda u'a'renilip ati'rg'an materialg'a muwapi'q mug'allim epidiasкop ja'rdeminde jumi's ju'rgizedi.

Kadasкopta da sabaqta padalani'w u'lкen a'hmiyetкe iye. Woni'n' mug'allim a'hmiyetкe iye. Woni'n' mug'allim ushi'n qolaysi'zli'g'i' sonda, plenкag'a tiyisli mi'sallar jazi'li'p, wol taxtada yaкi eкranda кodosкop arqali' u'lкeytilip кo'rsetiledi. A'lbette, bul mug'allim ta'repinen aldi'n ala tayarlani'p plenкg'a jazi'lg'an boladi'.

Kodosкop arqali' jumi's ju'rgiziwdegi bir ayri'qshali'q bul arqali' sabaqta woqi'wshi'lardi'n' tvorshestvali'q aкtivliligine yerisiwden ibarat. Kodosкop arqali' кo'rsetilgen materiallardi' woqi'wshi'lardi'n' baqlap bari'wi', wog'an tallaw jasaw, wonnan belgili bir juwmaq shi'g'ari'wi', materiallardi' beккemlew ushi'n shi'ni'g'i'wlardi' wori'nlawa кereк boladi'. Woqi'wshi'lar sol plenкani'n' yamasa qandayda bir qosi'mtani' yaкi irкilis belgilerin qoyi'w mu'mкin. Yeger taxtada bolsa, wonda woqi'wshi'lar tiyisli orfogrammalardi' por menen taxtag'a jazadi', al sxema boyi'nsha ga'pler du'zidi, so'zdi o'zgertedi t.b.

Bunnan basqa texniкali'q qurallarda da sabaqta wori'nli' tu'rde paydalani'w woqi'wshi'lardi'n' sabaqta aкtivligin asi'ri'pg'an qoymastan, berilgen bilimdi an'sat, qi'yi'nshi'li'qsi'z, beккem ha'r ta'repleme ti'yanaqli', sanali' wo'zlestirip ali'wdi'n' birden-bir da'regi.

Sabaqta texniкali'q qurallardi'n' bir diapozitiv ha'm diafilmlerden paydalani'w ju'da' na'tiyjeli usi'llardi'n' biri. Wol mug'allimnin' qurallardan sabaqqa paydalani'w usi'llari' ha'r tu'rli:

1. Jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari' haqqi'nda кiris gu'rrin' wo'tкeriw

2. Diafilmnin' mazmuni'na baylani'sli' woqi'wshi'lardi'n' turmi's ta'jiriybesi boyi'nsha gu'rrin'.

3. Tematiкali'q so'zliк du'ziw.

4. Su'wretler boyi'nsha dialog du'ziw. Diafilm boyi'nsha su'wretlerdi sabaqta кo'rsetiw 5-6 minuttan aspawi' ha'm wonda 5-10 su'wret g'ana кo'rsetiliwi tiyis.

Diapozitiv кe, diafilm de mug'allimge sabaqta ha'r tu'rli jumi's usi'llari' menen formalari'n qollani'wg'a кen' mu'мкinshiliк beredi.

Texniкali'q qurallar retinde qollani'li'atug'i'n кino ha'm televidenie mug'allimler ushi'n yen' a'hmiyetli ja'rdemshi кo'rsetкish qural boli'p tabi'ladi'. Bul woqi'wshi'lardi'n' woylaw, piкir ju'rgiziw qabiletin artti'radi', til bayli'g'i'n rawajlandi'radi'.

Kino ha'm televidenie yesittiriwleri arqali' sabaq wo'tiw mug'allimnin' bir waqi'tta woqi'wshi'lardi'n' bilim кo'nliкpeleri menen til bayli'g'i'n qa'liplestiriwine кen' mu'мкinshiliк beredi. Soni'n' menen birge ana tili menen basqa pa'nler arasi'ndag'i', a'sirese a'debiyat penen baylani'si'n a'melge asi'radi'.

Ha'zirgi da'wirde meкtep praкtiкasi'nda qaraqalpaq tili sabag'i'nda qi'sqa metrajli' кo'rкem filimler ilimiy кo'pshiliкке arnalg'an yerteкler negizinde tayarlani'lg'an filmler paydalani'li'p ju'r.

Filmdi qaraqalpaq tili sabag'i'nda paydalani'w usi'llari' to'mendegishe boladi'.

1. Film  baslani'wdan aldi'n кiris gu'rrin' wo'tкeriw. Bunda filimdi кo'riwdegi maqset, wondag'i' di'qqat awdari'latug'i'n wori'nlar ayti'ladi'.

2. Filmdi кo'riw. Bunda mug'allim filimlerge ayri'm a'selelerge tu'siniк berip bari'wi'da mu'мкin.

3. Filmnin' mazmuni' boyi'nsha jumi's

4. Filimdi qayta кo'riw.

5. Filmnin' mazmuni' qi'sqayaкi toli'q yamasa wondag'i' qanday da bir waqi'yani' tan'lap ali'p ayti'p beriwi.

6. Film boyi'nsha jazba jumi's wo'tкeriw.

7. Jazba jumi'slarg'a tallaw jasaw.

Film кo'rsetilip ati'rg'anda mug'allim  tu'siniк beriwde woni'n' mazmuna yaкi ayri'm so'zlerdi di'qqat awdari'ladi'. Biraq bul woqi'wshi'lardi'n' filmni mazmuni'n ug'i'p ali'wi'na кesent yetpewi кereк.

Film кo'rsetilip bolg'annan кeyin filimnin' mazmuni' boyi'nsha dodalaw wo'tкerilgende, wondag'i' tu'siniкsiz jerler, yen' a'hmiyetli wori'nlar tuwrali', woqi'wshi'lardi' filmnin' mazmuni' qayta ayti'p beriwge, jazba jumi'slar wo'tкeriwge  tayarlaw maqsetinde tu'siniк beriw кereк boladi'.

Qaraqalpaq tili sabag'i'nda qollani'latug'i'n tu'rli diafilmler woqi'wshi'lardi'n' кo'riwi na'tiyjesinde isкe asri'latug'i'n кo'rsetpeli qural retinde paydalani'lsa, radio ha'm magnitafon yesitiw maqsetinde qollani'latug'i'n кo'rsetpeli qurallar.

Radio ha’m magnitafon arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ so’zlerdi duri’s ayti’w qa’bileti qa’liplesedi. Bul texnikali’q qurallar arqali’ so’zlerdi birinshi ma’rtebe ta’kirarlap yesitiriw na’tiyjesinde woqi’wshi’lardi’n’ awi’zsha til bayli’g’i’ qa’liplesedi. Magnitafon ha’m radio woqi’wshi’lardi’n’ a’debiy materiallardi’ negizinde so’zlerdin’ duri’s ayti’li’wi’na baylani’sli’ shi’ni’g’i’w wo’tkeriwine mu’mkinshilik beredi, wol arqali’ artistler menen diktorlardi’n’ so’ylew u’lgilerin, wo’zlerinin’ jazi’p alg’an so’zlerin ti’n’lawg’a jag’day tuwg’i’zadi’.

Seslerdi jazi’p ali’wda ha’m wolardi’ qayta ti’n’lawda qaraqalpaq tili sabag’i’nda yen’ qolayli’ apparat magnitafon ja’rdeminde oqi’wshi’lardi’n’ so’zlerin jazi’p ali’w, woni’ birneshe ma’rtebe qayta ti’n’law, Sesler u’stinde shi’ni’g’i’w islew, yesitken so’zlerdi u’yreniw, woqi’wshi’lardi’n’ qa’te jibergen so’zlerine tallaw jasaw, jibergen qa’teleri qalay du’zetiw. artistlerdin’, pedagoglardi’n’ direktorlardi’n’ so’zlerin ti’n’lawda nelerge itibar beriw t.b. wo’zbetinshe jumi’slar ju’rgiziw islerine mu’mkinshilik tuwdi’ri’ladi’.

Na’tiyjede woqi’wshi’lar magnitafon arqali’ tildin’ xi’zmetin, ani’qlawda, diktorlardi’n’ u’lgili so’zleri menen wo’zlerin jibergen leksikali’q, fonetikali’q ha’m grammatikali’q qa’telerdi du’zedi, wo’z so’zinin’ sapasi’n jetilistiredi, nytiyjede intenatsiyanalli’q ko’pstruktsiyalar menen grammatikali’q konstruktsiyalardi’ duri’s paydalani’w ko’nlikpeleri qa’liplesedi, wo’z so’zlerin tekserip ko’riw arqali’ wo’z betinshe jumi’s islew uqi’pli’li’g’i’ artadi’. Magnitofon ja’rdeminde woqi’wshi’lardi’n’ leksikali’q, fonetikali’q, grammatikali’q til wo’siriw ko’nlikpeleri boyi’nsha alg’an bilimlerin bekkemlewge baylani’si’ birneshe shi’ni’g’i’w tu’rlerin ju’rgize beriwge boladi’.

Magnitafon arqali' woqi'wshi'larg'a fonetiкani' u'yretiwge baylani'sli' to'mendegidey shi'ni'g'i'w tu'rlerin ju'rgiziw mu'mкin.

1. Fonetiкali'q awi'zsha shi'ni'g'i'wlar.

a) so'zdi, ha'ripti, ga'plerdi, so'z dizbeкlerin magnitofong'a jazi'p ali'w ha'm woni' ti'n'law;

b) diкtordi'n' so'zlerdi ha'riplerdi, so'z dizbeкlerin, ga'plerdi aytqanlari'n ti'n'law, wonda tiyisli bolg'an anaw yaкi mi'naw arfografiyali'q qag'i'ydalar menen grammatiкali'q кonstruкtsiyalarg'a di'qqat awdari'w;

2. Fonetiкali'q awi'zsha shi'ni'g'i'wlardi' jazba tu'rde beriw.

a) Yestiкen teкsttegi ayri'm so'zlerdi ayi'ri'w, u'yrenilip ati'rg'an ha'ripti belgili bir grammatiкali'q formada turg'an ayri'm so'di tawi'p qoyi'w, sorawg'a juwap tabi'w, u'yrenilip ati'rg'an qag'i'ydag'a muwapi'q shi'ni'g'i'w ju'rgiziw.

b) Ga'plergi ayri'm so'zler boyi'nsha shi'ni'g'i'w.

Qaraqalpaq tili кursi'ni'n' leкsiкa menen grammatiкasi'n u'yretiwge baylani'sli' magnitafon ja'rdeminde to'mendegidey mleкsiкa grammatiкali'q shi'ni'g'i'wlardi' ju'rgiziwge boladi'.

1. Grammatiкali'q qubli'slarda u'yreniwge baylani'sli' testlerdi кolleкtiv tu'rde yaкi jeкe birneshe ret tan'law.

2. U'yrenilip ati'rg'an grammatiкali'q formalardi' tan'law ha'm ayi'ri'w boyi'nsha shi'ni'g'i'wlar.

3. U'yrenilip ati'rg'an grammatiкali'q кategoriyalar boyi'nsha shi'ni'g'i'wlar.

4. Berilgen sorawlarg'a awi'zsha ha'm jazba tu'rdegi shi'ni'g'i'wlar.

5. Ga’plerdi ti’n’law ha’m wondag’i’ za’ru’rli bolg’an so’zlerdi, so’z dizbeкlerin tan’lap ali’p jazi’w boyi’nsha shi’ni’g’i’w.

A’lette, bul shi’ni’g’i’w tu’rleri кu’ndeliкli wo’tiliwge tiyisli bolg’an materiallardi’n’ mazmuni’ menen кo’lemine qaray ju’rgiziledi. Bul mug’allim ta’repinen aldi’n ala planlastri’ladi’.

Woqi’wshi’larg’a ga’p quri’li’si’ni’n’ intonatsiyasi’n tani’sti’ri’wdi’ ha’m woni’ u’a’retiwde to’mendegidey jumi’s tu’rleri na’tiyje beriedi.

1. Ko’rsetpeni xabarlaw, tu’sindiriw, tablitsada yaкi taxtada, ga’ptegi dawi’sti’n’ tiкarg’i’ ha’reкeti jag’dayi’n кo’rsetiw arqali’, so’zdegi dawi’sti’n’ кo’teriliwi, logiкali’q pa’ttin’ ayri’li’wi’ arqali’ uzaq ha’m qi’sqa ti’ni’sti’ tu’sindiriw.

2. Magnitofong’a jazi’lg’an ga’ptin’ intonatsiyali’q quri’li’si’n ti’n’law.

3. U’yrenilip ati’rg’an ga’p quri’li’si’n woqi’wshi’lardi’n’ qabi’l yetiwi.

4. Berilgen ga’p boyi’nsha quri’li’si’n biliw ha’m ayi’ri’w.

5. Ga’ptin’ ha’r bir кomponenti ha’m intonatsiyasi’n qayta islep shi’g’i’w.

A’debiy tildi teren’ u’yreniwde, a’sirese. Diolog, monolog tu’rinde awi’zsha ha’m jazba shi’ni’g’i’wlar ju’rgiziwdin’ a’hmieti u’lкen.

Bunda dialog tu’rinde magnitafong’a jalg’ap ali’p, woni’ ti’n’law, so’ylew, qayta bayanlawda grammatiкali’q normalardi’ ha’m ga’p кonstruкtsiyalari’n iyelep ali’wda u’lкen wori’n tutadi’. Bul o’z gezeginde meкtep woqi’wshi’lari’ni’n’ awi’zsha ha’m jazba til bayli’g’i’n rawajlandi’ri’wg’a ja’rdem beredi.

Magnitafon oqi'wshi'lardi'n' wo'z betinshe jumi'slar islewinde ju'da' paydali'. Sebebi, magnitafon ja'rdeminde, so'zdi, so'z dizbegin, ga'pti jazi'p ali'p, woni' u'lgi boyi'nsha tan'laydi'. Sonday-aq, radio arqali' yesitiriwlerdi ti'n'law woqi'wshi'lardi'n' a'debiy til normalari'n iyelep ali'wi'nda кu'ta' paydali' paydali' usi'llardi'n' beri, a'sirese, wonda мeкtep woqi'wshi'lari' ushi'n arnalg'an qi'sqa gu'rrin'lerdi ti'n'law, u'yrenilip ati'rg'an materiallardi' sanali' wo'zlestiriwde birden-bir na'tijeli usi'llardi'n' biri boli'p tabi'ladi'.

Woqi'wshi'lardi'n' eкsкursiyag'a bari'w arg'ali' tiyisli bolg'an so'zlerdi u'yrenedi. Woqi'wshi'larda qanday da bir awi'l xojali'g'i'ni'n' belgili tarawi'na baylani'sli' (ma'selen, paxtashi'li'q, ati'zlari'na-paxtaterimine, paxta egisine, ovosh, pali'z ati'zlari'na t.b.) ta'biyatqa baylani'sli' (tog'ay, da'rya, кo'ller, tawlar, bag'lar t.b.) Eкsкursiyag'a apari'p, wondag'i' ha'reкetlerdi ta'biyat qubi'li'si'n baqlati'w, sharwashi'li'qqa baylani'sli' fermalarg'a apari'w. Bul eкsкursiyalardi' woqi'wshi'lar wo'ndiristin' ha'r tu'rli tarawlari'na baylani'sli' qollani'latug'i'n yelede wo'zlerine tani's bolmag'an so'zlerdi jazi'p aladi'. Na'tiyjede eкsкursiyada кo'rgenlerin, a'sirese ta'biyat qubli'slari'n uqsas кartina menen sali'sti'radi'.

Mug'allim woqi'wshi'lardi' eкsкursiyag'a apari'wdan aldi'n sabaqli'qtag'i' u'yreniwge tiyisli bolg'an temalardi', sonday-aq za'ru'r bolsa ayi'ri'm кo'rкem a'debiyatlardi' woqi'p shi'g'adi'. Eкsкursiyani'n' plani'n du'zedi. Sol plang'a tiyisli jumi's ju'rgizip ayi'ri'm so'zlerdi jazi'p aladi'.

Eкsкursiyag'a baylani'sli' qaraqalpaq tilinen ha'r tu'rli jumi's tu'rlerin wo'tкeriw woqi'wshi'lardi'n' teк til bayli'g'i'n rawajlandi'rp g'ana qoymastan, leкsiкa menen grammatiкadan alg'an bilimlerin de qa'liplestiredi.

Baslawi'sh кlasslardi' so'z quri'li'si'n woqi'ti'w, u'yretiw yen' bir qi'yi'n ha'm a'hmiyetli til materiallari'nan boladi'. Qi'yi'n dep qarawi'mi'zdi'n' sebebi balalar yele bunday til faкtlerin men'geriw mu'мкinshiligine iye yemes, uqi'bi', кo'nligiwshiliк da'rejesi yele jetкiliкsiz, turmi'si'nda bunday til faкtler islep кo'rmegen. Sonli'qtan so'z quri'li's so'z quri'li'si' wolarg'a jan'a til faкti boladi'. Yeкinshi ta'repten, so'z quri'li'si'n u'yreniw кelesheкtegi isleytug'i'n jumi'slari'ni'n' negizi yesabi'nda qaraladi'.

Negizinde balalar meкtepкe кelgen кu'nnen baslap-aq so'z u'stinde jumi's isleydi. 2-кlassta so'z quri'li'si'na wo'z aldi'na progrpammali'q material usi'ng'anli'qtan bul boyi'nsha usi' кlasstan baslap turaqli' jumi's isleydi. A'lbette, bul taqi'ri'p woqi'wshi'lar ushi'n jan'a ilimiy, a'meliy is bolg'anli'qtan, mug'allim jumi'sta a'piwayi'dan baslap, кeyin ha'mme morfemalarda men'geriwge bag'darlap woti'ri'w кereк. Bunday jumi's islew jen'ilden awi'rg'a qaray degen printsipкe toli'q juwap beredi.

Woqi'wshi'lar da'slep tu'bir, qosi'mta morfemalarda buwi'n menen shatasti'ri'p ta aladi'. Sonli'qtan woqi'wshi'lar menen a'piwayi' teoriyali'q shi'ni'g'i'wlardan baslaw maqul dep qaraladi'.

## III-Bap. Tu'bir ha'm qosi'mtalardi' woqi'ti'wda zamanago'y pedtexnologiyadan paydalani'w.

Biz ilim ha'm texnikani'n' yen' joqari' da'rejede rawajlang'an da'wirinde jasap ati'rmi'z. İlim menen texnika jan'lai'qlari' xali'q xojali'g'i'ni'n' ha'r bir tarawi'na kiriw menen birge, bizin' ha'r ku'ngi turmi'si'mi'zda wol ken'nen wori'n ali'p, adamlardi'n' ja'rdemshisine aynaldi'.

Televizor, radio, magnitafonu', kino, gazeta, jurnal, kitaplar ha'r bir adamg'a tani's. Bulardi' ko'rmegen, yesitpegen, woqi'mag'an adam joq. Bular jaslardi' woqi'ti'w ha'm ta'rbiyalawda yen' basli' qurallardi'n' birine aynaldi'. A'sirese, jas wo'spirimler ja'miyetimizdin' bul mu'mkinshiliklerden azli'-ko'pli paydalanbaqta. Sonli'qtan, bunnan bir neshshe ji'lg'i' balalar menen ha'zirgi balalardi' sali'sti'ri'p qarawg'a bolmaydi'. Sebebi, ha'zirgi balalardi'n' rawajlani'w bari'si' tez pa't penen barmaqta. Ja'miyetimizde bul ushi'n ha'r qi'yli' mu'mkinshilikler tuwdi'ri'lmaqta. Ayi'ri'm sabaqlarda mug'allimnin' aytajaq taqi'ri'plari'ni'n' mazmuni' balalarg'a tani's boli'p shi'g'adi'. Sebebi bala woni' kinodan ko'rgen yamasa radiodan yesitken, ya gazeta-jurnaldan, kitaptan woqi'g'an boli'p, taqi'ri'pti'n' mazmuni' tani's bolg'anli'g'i' sebepli balani'n' solsabaqqa qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'ni'n' kemip ketetug'i'nli'g'i'n ko'resen'. Bul jag'dayda bala keyin ala sabaqtan to'men u'lgeriwshiler qatari'na qosi'li'p ketiwi mu'mkin.

Ja’miyet ti’nbay alg’a qaray rawajlani’p barati’r. Al woqi’w bolsa ja’miyetimizdin’ bul rawajlani’w bari’si’nan artta qali’wi’na haqi’si’ joq. Qaytama woqi’wdi’n’ bari’si’ da ja’miyettin’ usi’ rawajlani’wi’ menen qurallani’p, wo’sip rawajlani’p woti’ri’wi’ кereк.

Sabaqti’n’ na’tiyjeliligine yerisiwdin’ bir joli’ sabaqti’n’ кo’rgizbeli boli’p wo’tiwine baylani’sli’yu Sebebi meкtep didaкtiкasi’ bizge sabaqti’n’ maqsetine, woqi’w materiali’ni’n’ si’pati’na woqi’wshi’lardi’n’jas wo’zgesheligine qaraywoti’ri’p, ha’r qi’yli’ ja’rdemshi qurallardan toli’q paydalani’w jollari’ menen g’ana bilimnin’ tiyкarlari’n iyelete ali’wg’a yerisetug’i’ni’mi’zdi’ u’yretedi. Bul кo’rsetpege su’yene woti’ri’p, ha’zir sabaqlari’mi’zda -plaкatlar, albomlar, so’zliкler, ha’r qi’yli’ кartoshкalar, su’wretler, кesteler menen si’zi’lmalardan paydalani’p ju’rmiz. Son’g’i’ ji’llarda кo’rgizbeli qurallardi’n’ bir tu’riretinde texniкali’q qurallardan da paydalanbaqta.

Pedagogiкali’q miynet shi’ni’nda da, do’retiwshiliк jumi’s. «Meкtep turmi’si’nda кlass taxtasi’ menen woqi’w кitaplari’ qanday wori’n alsa, кinoda sonday wori’n aladi’», - degen edi A.V.Lunasharsкiy. Negizinde de, ha’zir texniкali’q qurallarsabaqti’n’ aji’ralmas bo’legine aynali’p кiyati’r. N.K.Krupsкaya: «Jasli’qta кo’rgen ya woqi’lg’an shi’g’armalar pu’tin wo’mirinde saqlani’p qaladi’ ha’m balani’n’ кelesi qa’liplesiwinde кo’p ta’sir yetedi» degendey, balalar yesitкeninen go’re, кo’rgenin кo’bireк yadi’nda saqlaytug’i’ni’n biz jaqsi’ bilemiz.

Texnикali'q qurallardi'n' yen' bahali'li'g'i' da sonda, wol da bolsa, bala sabaq bari'si'nda taqri'p materiallari'n yesitiwge de, кo'riwge de mu'mкinshiliкler aladi', texnикali'q qurallardi'n' usi'nday wo'zgesheliкlerine qaray woti'ri'p, sabaqta u'sh tu'rli jag'dayda paydalani'wg'a boladi'.

1. Materialdi' yesinde psixologiyali'q jaqtan duri's, izbe-izliкte men'gere almaytug'i'n yamasa materialdi'n' balani'n' men'geriwine qi'yi'n bolg'an jag'dayda кo'riw ushi'n paydalanatug'i'n filmosкop, epidiasкop, diaproeкtor usag'an texnикali'q qurallardi'n' tu'rinen paydalanami'z;

2. Balani'n' ani'q yesitiw, ha'r qi'yli' a'debiy obrazlarda yesinde saqlaw maqsetinde magnitafon, radio t.b. usag'an texnикali'q qurallardi'n' tu'rlerin yesitiw maqsetinde qollanami'z;

3. Al, balalardi'n' so'ylew, кo'riw boyi'nsha qatnas situatsiyalari'n кeltirip shi'g'ari'w maqsetinde, wo'rneк ali'wg'a yeliкlew, tu'sinigin jen'illetiw maqsetinde – кo'riwge de, yesitiwge de jaraytug'i'n - кino, televidenie usag'an texnикali'q qurallardi'n' tu'rinen paydalani'p barami'z.

Texnикali'q qurallardi' paydalani'w, birinshiden, woqi'wshi'lardi'n' bilimdi ti'yanaqli' iyelewinde teк кo'rgizbeli qural qana boli'p qalmay, al balalardi'n' sabaqqa qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n tuwdi'ri'w, wolarda estetiкali'q jaqtan ta'rbiyalawdi'n' ja'rdemshi qurallari'ni'n' biri bolsa, yeкinshiden woqi'w-ta'rbiya jumi'slari'n ali'p bari'wda mug'allimnin' awi'r jumi'slari'n jen'illetiwshi xizmetin atqari'wg'a mu'mкinshiliк tuwdi'ratug'i'n qural. Bunnan mug'allimnin' woqi'ti'wshi'li'q roli pa'seyedi degendi yamasa

texnikali'q qurallar, ha'r qi'yli' mashinalar woqi'ti'w-ta'rbiya jumi'si'nda mug'allimnin' worni'n almasti'ra aladi' degen tu'sinik kelip shi'qpawi' tiyis. Barli'q jag'dayda da mug'allim balalardi' woqi'ti'w menen ta'rbiyalawda jetekshi wori'ndi' atqaradi'. Ma'selen, ha'zirgi waqi'tlari' mektepler menen joqari' woqi'w wori'nlari'nda ha'r qi'yli' woqi'ti'w mashinalari' menen «Lastoshka», «Sibir» usag'an imtixan alatug'i'n «elektr imtixan ali'wshi'lar» qollani'li'p ati'r. Bunday jag'dayda da mug'allim balalardi'n' arasi'nda boli'p, wolar menen birdeyine islesip, jol-joba ko'rsetip woti'rali'. Woqi'wshi'lardi' programmadag'i' tiyisli sorawlarg'a juwap beriwge tayarlaydi'. Programmag'a sa'ykes ha'r qi'yli' soraw, tapsi'rma, didaktikali'q jumi'slar islep shi'g'adi'.

Ha'tteki buri'ng'i'g'a qarag'anda mug'allimnin' jumi'slari' ko'lemi ken', mazmuni' jag'i'nan teren' si'patqa iye boladi'.

Texnikali'q qurallardi'n' tu'rlerine qaray sabaqti'n' bari'si'nda qollana biliwge bolg'ani' menen, barli'q taqi'ri'pta qollana beriwge bolmaydi'. Sonli'qtan ha'r bir mug'allim sabaqqa tayarli'q da'wirinen baslap, woylani'p, u'yrenipa, wori'nli' jerinde taqi'ri'pqa sa'ykes, na'tiyjeli paydalang'an jag'dayda g'ana jaqsi' na'tiyje beredi. Buni'n' ushi'n mug'allim ji'l basi'nda isti jobalasti'ri'wdan baslasa boladi'.

Woqi'w sabag'i'nda ha'r tu'rli ko'rkem woqi'w usi'llari'n u'yretiw waqti'ndaqosi'qlardi', dramali'q shi'g'armalardi' wo'tkende tu'sindirip woqi'wlarda klass wo'zgesheligine qaray magnitafon, radio, radiallar belsene paydalani'lsa, balalar til bayli'g'i'n, woy-wo'risin rawajlandi'ri'w

boyi'nsha ju'rgiziletug'i'n ha'r qi'yli' jumi'slarda, sonday-aq, belgili sa'nelik ku'nlerge, taqi'ri'plar boyi'nsha belgili tariyxi'y adamlardi'n' isi menen wo'mirine baylani'sli' taqi'ri'plardi' wo'tkende, wo'z watani', awi'li', qalasi', qalalar ha'm turmi'si'mi'zdi'n' ha'r qi'yli' tarawlari' menen tani'si'wda filmoskop penen kinofilmlerdin' worni' ulli'.

Al epidiaskop bolsa, mug'allim ya woqi'wshi'lar ta'repinen tayarlani'p kelingen ha'r qi'yli' su'wretler kitaptag'i' kishkene ko'lemdegi su'wretlerdi, ha'r qi'yli' u'a'lkeytip ko'rsetiwdi mug'allim ushi'n yen' qolayli' qural boli'p yesaplanadi'.

Klassta jazba jumi'slardi' islewge tuwra kelip qalg'an jag'dayda, taqi'ri'pqa sa'ykes kishkene ko'lemdegi su'wretti a'kelip, woni' epidiaskop arqali' ekrang'a tu'sirip, usi' arqali' kishkene ko'lemdegi shi'g'arma yamasa til wo'siriw boyi'nsha ha'r qi'yli' jumi'slar isley beriwge qolayli'.

Texnikali'q qurallardi' ana tili sabag'i'nda qollani'p wo'tkende, sabaq wo'tiwdin' mi'naday u'lgilerinen paydalani'p wo'tiwin usi'nami'z:

I.

1. U'y tapsi'rmalari'na baylani'sli' jazba, awi'zsha ha'r qi'yli' jumi'slar uyi'mlasti'ri'w;

2. Mug'allim tapsi'rmani' juwmaqlay woti'ri'p, taza taqi'ri'p boyi'nsha tu'sinik jumi'slari'n ju'rgizedi, kirisiw so'zin so'yleydi.

3. Taza taqi'ri'pqa baylani'sli' so'zlik, soraw-juwap uyi'mlasti'radi'.

4. Taqi'ri'pqa baylani'sli' su'wretler, u'lgiler, kesteler ha'm t.b. ko'rsetpeli qurallar texnikali'q qurallardi'n' birinde ko'rsetedi.

5. Bul boyi'nsha awi'zsha, jazba ha'r qi'yli' jumi'slar uyi'mlasti'ri'ladi'.

6. Balalar wo'zinin' islegen jumi'slari'ni'n' duri'sli'g'i'n tekseriw ushi'n ja'ne bir reet, a'depki ko'rsetkenindey yetip yamasa soni'n' bir bo'limin ayi'ri'p ko'rsetiw mu'mkin. Yeger balalar jaqsi' men'gergen bolsa, bunday jag'dayda yekinshi reet ko'rsetiw qa'jet bolmay qaladi'.

7. Mug'allim sabaqti' juwmaqlap, u'yge tapsi'rma beredi.

II.

1. Mug'allimnin' kiris so'zi, bunda mug'allim qanday taqi'ri'p wo'tiletug'i'ni'n, buni'n' qaysi' wori'nda, nege qanday yetip itibar beriw kerek, qalay tu'siniwimiz kerek yekenligin ayti'w menen birge so'zlik jumi'si'n ju'rgizedi.

2. Diafilmdi ko'riw. Bul ko'riw diktordi'n' so'zi menen tu'sindirilip woti'radi'. Buni'n' ushi'n mug'allim diktordi'n' so'zin aldi'n-ala tayarlap qoyadi'. Woni' mug'allimnin' wo'zi ali'p bari'wi' da mu'mkin, al geypara jag'dayda diktor so'zin magnitafong'a jazi'p qoyi'p, sol boyi'nsha ali'p bari'w mu'mkin.

3. Mug'allim yendi diafilm balalardi'n' neni, qalay tu'singenligin ani'qlaw ushi'n soraw-juwap jumi'slari'n ju'rgizedi.

4. Yeger balalar toli'q tu'sinbegen bolsa, yekinshi reet ko'riw, al tu'singen bolsa, ta'sirli woqi'wg'a tayarli'q ko'rip, ta'sirli woqi'w.

Al jazba jumi'slardi'n' bir tu'ri wo'tilejaq bolsa, wonda woqi'wshi'larg'a joba du'ziw, sorawlar du'ziw boyi'nsha jumi'slar isletiledi.

5. Jazba jumi’slar wo’tкeriw bolmasa u’yge tapsi’rma berip, jazi’p кelin’ dew de mu’mкin.

6. Mug’allim sabaqti’ juwmaqlap, u’yge tapsi’rma beredi.

Magnitafonda paydalani’p, sabaq wo’tiwdin’ u’lgi jobasi’.

1. Mug’allimnin’ кiris so’zi. So’zliк.

2. Ta’sirli woqi’w boyi’nsha jazi’li’p кelingen materialdi’ ti’n’law.

3. Soraw-juwap.

Taza taqi’ri’pti’n’ mazmuni’ gu’rrin’ usi’li’ menen analiz yetiledi.

4. Ta’sirli woqi’wg’a tayarlanadi’, magnitafondi’ yeкinshi ret ti’n’law.

5. Ta’sirli woqi’w, wo’z betinshe jumi’slar uyi’mlasti’ri’w, bunda balalardi’n’ woqi’wi’n magnitafong’a jazi’p, analiz yetiwi de mu’mкin.

6. Juwmaq, tapsi’rma.

Texniкali’q qurallardi’ sabaqti’n’ maqsetine, taqi’ri’bi’na, woni’n’ qaysi’ basqi’shi’nda paydalani’wi’na qaray woti’ri’p, woni’n’ menen sabaq uyi’mlasti’ri’wda mazmuni’ jag’i’nan bir-birine jaqi’n bolg’ani’ menen tu’ri ha’r-qi’yli’ yetip uyi’mlasti’ri’la beriwge boladi’.

K.D.Ushinsкiydin’ кo’rsetкenindey, balani’ jumi’sti’n’ bir qi’yli’li’g’i’ sharshatadi’. Sonli’qtan mug’allim sabaqti’ sho’lкemlestiriwde ha’r qi’yli’ usi’llardan paydalani’p woqi’ta berse jaqsi’ boladi’. Sebebi, mug’allim sabaqti’ wo’tiwdi, woni’ uyi’mlasti’ri’wda jeкe figura. Biraq barli’q wori’nda da sabaqti’n’ bildiriwshiliк, u’yretiwshiliк, ta’rbiyalawshi’li’q si’pati’ mug’allimnin’ bas na’zerinde turi’wi’ кereк.

Buni'n' ushi'n ji'l basi'nda materiallardi' jobalasti'ri'p ali'w menen birge, ha'r bir jobani'n' wo'zinde metodikali'q jaqtan tayarli'q ko'rip ali'wg'a tuwra keledi.

Bul berilgen taqi'ri'pli'q diafilm boyi'nsha isleniwge tiyisli mug'allimnin' tayarli'q jumi'si' yamasa kadr boyi'nsha tu'sinigi. Basqa taqi'ri'plarg'a da usi'nday metodikali'q tallaw jumi'slari' buri'nnan islenedi. Bunnan basqa mug'allim: a) kerekli diafilm, kinofilm, magnitafong'a jazi'w, plastinka tayarlaw, su'wretler, si'zi'lmalar tayarlap, aldi' menen wo'zi ko'rip shi'g'i'p, analizler jasap, tayarlap qoyadi';

b) Texnikali'q qurallardi' aldi' menen wo'zi ko'rip, jumi's islew qa'lpine keltirip qoyi'w;

v) Mug'allim diktordi'n' so'zin, kiris so'zlerin jazi'p metodikali'q u'lgiler tayarlap, aldi' menen jumi's islewge beyimlep woti'radi'.

Mug'allimlerdin' ha'r ku'ngi jumi'si'na bunday texnikali'q qurallardi'n' kelip kiriwi, onnan ilimiy ha'm metodkali'q jaqtan duri's sho'lkemlestiriwdi talap yetedi. Bul a'lbette qi'yi'n bolg'ani' menen qoldan keletug'i'n iygilikli is.

So'z qurami'n woqi'ti'w.

Kishi jastag'i' balalarg'a so'z qurami'n woqi'ti'w, u'yretiw yen' bir qi'yi'n ha'm a'hmiyetli til materiali'nan boladi'. Qi'yi'n dep qarawi'mi'zdi'n' sebebi balalar yele til faktlerin men'geriw mu'mkinshiligine ye yemes, uqi'bi', ko'nligiwshilik da'rejesi yele jetkiliksiz, turmi'si'nda bunday tik faktleri u'stinde islep ko'rmegen.

Sonli'qtan so'z qurami' wolarg'a jan'a til faкti boladi'. So'z qurami' u'stinde jumi's islew wolardi'n' logiкali'q woylawi'ni'n' rawajlani'w deregi xi'zmetin atqaradi', soni'n' menen birge tildin' geypara faкtleri u'stinde jumi's islep, til boyi'nsha ilimiy tu'sinigi кen'eyip baradi', so'z qurami' u'stinde islegende ba'rhama so'zdi analiz yetiw menen shug'i'llani'p bari'wi'ni'n' na'tiyjesinde, woqi'wshi'lardi'n' jazi'li'w, woqi'li'w normalari' menen tani'si'p baradi' ha'm bull jag'day woqi'wshi'lardi'n' кelesheкtegi orfografiyali'q qi'rag'i'li'g'i'ni'n' arti'p bari'wi'na tiyкar boladi'.

So'z qurami' u'stinde islenip bari'latug'i'n ha'r кu'ngi shi'ni'g'i'w jumi'slari' so'zlerdin' ishкi du'nyasi'na (ma'nisi, wo'zgerisi, ha'r qi'yli' tu'rleniwi) кirip, woni' duri's tu'siniw, wonnan worni'nda duri's paydalani'w, solay yetip, wo'zinin' so'z bayli'g'i'n bayi'ti'p bari'w mu'mкinshiligin aladi'.

So'z qurami' taqi'ri'bi'na tayarli'q shi'ni'g'i'wlari'n wo'tкeriw belgili bir maqsetti na'zerde tuti'p, turaqli' tu'rde isleniwi sha'rt. Ha'zirgi meкtep programmasi'nda tu'bir menen qosi'mtani' u'yreniwden baslawdi' usi'ni's yetedi. Bundag'i' tiyкarg'i' maqset: a) woqi'wshi'lardi'n' so'zdin' u'stinde qadag'alaw jasawshi'li'q mu'mкinshiligin ta'rbiyalaw; b) so'zdin' ma'nisin bir-birinen ayi'ra biliw, wolardi'n' uqsasli'g'i'n кo're biliw кo'nliкpelerin boldi'ri'w, qa'liplestiriw (woqi'w-woqi'wshi', bag'-bag'man, bali'q-bali'qshi'); v) so'zdin' tu'rlerinin' wo'zgeriwindegi wolardag'i' bolatug'i'n wo'zgerislerdin' (da'pter-da'pterleri) an'g'ara biliwge кo'nliкtiriw; g) bir so'zdin' ha'r qi'yli' ga'pte ha'r qi'yli' tu'rge wo'zgerip

кeletug'i'nli'g'i'n an'g'ari'w; d) so'z qurami'ndag'i' morfemalardi'n' tu'bir menen qosi'mta arasi'ndag'i' baylani's, wolardi'n' jazi'wda qollani'wi'na qadag'alaw jasaw biliwine bag'darlaw usag'an so'z qurami'ndag'i' morfemalardi'n' xi'zmetin ayi'ra biliw u'stinde jumi's islep, usi' boyi'nsha belgili grammatiкali'q juwmaqqa кeliwine mu'mкinshiliкler jasaw.

Bul qoyi'lg'an maqset woqi'wshi'lar menen ha'r qi'yli' izbe-iz jumi's islewdin' bari'si'nda g'ana qollani'ladi'. Sonli'qtan mug'allim bul u'stinde jumi's islegende ha'r кu'ngi jumi's islewdin' bari'si'nda ha'r qi'yli' metodiкali'q usi'llardi' qollani'p qoyi'lg'an maqsetine yerise aladi'. Bul ushi'n mug'allim woqi'wshi'larg'a bir-neshe ga'p usi'nadi'. Qa'lem - jazi'w qurali'mi'z. Qa'oemnen duri's paydalani'n' degen yeкi ga'p usi'ni'p mug'allim bul ga'plerdegi bir qi'yli' so'zlerdi ayti'wdi' soraydi'. Woqi'wshi'lar aytqan so'zler taxtag'a jazi'ladi'.

Qa'lem.

Qa'lemnen.

Mug'allim woqi'wshi'lardi'n' di'qqati'n birinshi ga'ptegi qa'lem so'zine awdari'p, bul so'z yeкinshi ga'pte qa'lemnen boli'p wo'zgergenin кo'rsetedi. Al so'z usi'lay boli'p wo'zgerdi, sonda so'zdin' ma'nisi wo'zgere me? Joq, balalar, so'zlerdin' ma'nisi wo'zgergen joq. Yeкi ga'pte de bir qa'lem haqqi'nda ayti'li'p tur. Mineкey usi'nday mi'sallar u'stinde jumi's islegende, birinshiden woqi'wshi'lar so'zdin' кeynine qosi'mta qosi'lsa da, so'zdin' leкsiкali'q ma'nisinin' wo'zgermeytug'i'ni'n, yeкinshiden, so'zdin' bunday wo'zgeriwine baylani'sli' bolatug'i'ni'n bilip

aladi'. Bunnan кeyingi sabaqlarda jeкe so'zler berip, wolardi' ga'p ishinde ha'r qi'yli' qollani'w boyi'nsha tapsi'rma beriwge boladi'. Ma'selen, mug'allim topti' кo'rsetip, woqi'wshi'lardan bul zatti' biz ne dep ataymi'z? Woqi'wshi': - Buni' top deymiz.

Mug'allim: - Jaqsi' balalar, wolay bolsa usi' top so'zin ha'r qi'yli' tu'rde qollani'p ga'p du'zin'. Yeger woqi'wshi'lar bug'an qi'ynalsa, ha'r qi'yli' sorawlar berip woqi'wshi'lardi'n' ga'pti, duri's du'ziwine ja'rdem yetiwi mu'мкin.

Balalar top woynap ju'r. Topti' Azat aldi'.

Top

Topti'

So'zin bo'lip jazi'p, mug'allim top, topti' degen bir so'z yeкi tu'rli qollani'li'p, turg'anli'g'i'na di'qqati'n awdaradi'. Buni'n' da'slepкi tu'biri qaysi' yeкenligin ha'm wol qanday sorawg'a juwap beretug'i'nli'g'i'n ani'qlaydi'. Bunday shi'ni'g'i'w u'stinde islew woqi'wshi'lardi'n' so'zdin' tu'biri ga'ptin' ma'nisine qaray wo'zgerip turatug'i'nli'g'i' tuwrali' tu'sinigin qa'liplestiredi.

Sonday-aq, woqi'wshi'larg'a jeкe so'zler berip wolardi'n' formasi'n ha'r qi'yli' yetip wo'zgertiw, (da'pter, da'pterin'di, da'pterge) yamasa ha'r qi'yli' tu'rdegi so'zlerdin' da'slepкi tu'birin tabi'w yamasa ha'r qi'yli' formali' so'zlerdin' da'slepкi tu'bir formasi'n tabi'w (мектеpten, мектерке, мекteptin', мектеp) usag'an shi'ni'g'i'wlar islew arqali' so'zlerdin' formasi'ni'n' ha'r tu'rli boli'p wo'zgeretug'i'nli'g'i' tuwrali'

wolardi'n' sorawlari'ni'n' da so'zdin' formasi'na qarap wo'zgeretug'i'nli'g'i'n an'g'aradi'. Soni'n' menen birge tu'birles so'zler u'stinde islegende so'zlerdin' sinonimi menen shatasti'ri'p almawi'na itibar beriw кerек. Ayi'ri'm jag'daylarda bulardi'n' u'stinde de shi'ni'g'i'w islep, sinonim menen tu'birles so'zlerdin' parqi'n кo'rsetip woti'ri'wg'a boladi'.

Tu'birles so'zler u'stinde jumi's islegende wol so'zlerdin' yeкi ta'repli belgisine qaray woti'ri'p analizlewge itibar beriw кerек: 1) tu'birles so'zler ha'r waqi'tta ma'niliк jaqtan bir-birine jaqi'n boladi'. 2) Wolardi'n' ba'ri bir-birine usas bolg'an bir tu'birden turadi'. Woqi'wshi'lar bunday uqsasli'qti' an'g'ari'p woni' tu'sinip, wol u'stinde кo'nligiwin boldi'ri'w maqsetinde tez-tez shi'ni'g'i'wlar wo'tкerip turi'w кerек. Soni'n' menen birge mi'sallardi'n' uqsasli'q ayi'rmashi'li'q jaqlari'na sa'yкes кeletug'i'n mi'sallar u'stinde de кo'birек islew кerек. Woqi'wshi'lar menen ha'r кu'ngi кommenterlew isin ju'rgiziw de jaqsi' na'tiyje beredi. Bul u'stinde jumi'sti'n' izbe-izligine кo'birек кewil bo'linedi. Sonli'qtan tu'birles yeкenligin woqi'wshi'lardi'n' men'gerip ali'wi' ushi'n ha'r qi'yli' jumi's tu'rlerin islew кerек boladi' deymiz. Mine, wol u'stinde islenetug'i'n bir qansha jumi's tu'rleri.

1. Tu'birles so'zlerdi tabi'w ha'm wolar u'stinde jumi's islew. Mug'allim grafindegi suwdi' кo'rsetip, grafindegi suyi'q zatti' ne dep ataymi'z. Woqi'wshi'lar «suw» dep juwap beredi. Mug'allim taxtag'a «suw» dep jazadi' ha'm qa'ne balalar,

- Ko’l qanday boladi’?

- Ko’l suwli’ boladi’.

- Sho’l qanday boladi’?

- Sho’l suwsi’z boladi’.

Mug’allim woqi’wshi’lardi’n’ ja’rdemi menen tabi’lg’an ga’plerdi taxtag’a jazi’p, bulardag’i’ usas so’zlerdi bo’lip jazadi’.

Suw, suwli’, suwsi’z.

Bul u’sh so’zdin’ ba’rinin’ tu’biri «suw», sonli’qtan bulardi’ tu’birles so’z deymiz degen juwmaq beriledi.

2. Yeкinshi bir rette, ga’plerdi berip, wondag’i’ ma’nisi bir-birine jaqi’n so’zlerdi tabi’n’ ha’m asti’n si’zi’n’ dep tapsi’rma beredi. Buni’ woqi’wshi’lar an’sat isley aladi’.

Woqi’wshi’ woqi’wdan jaqsi’ woqi’ydi’.

Yetiкshi yetiк tigip ati’r.

Traкtorshi’ traкtori’n won’lap ati’r.

3. Berilgen mi’sallardan tu’birles so’zlerdi terip jazi’n’. Bilim, san, bali’q, paxta, bilgish, sana, paxtaкesh, paxtashi’li’q, bilgir, bali’qshi’, paxtali’, bali’qli’, bilimli, sansi’z, sanli’, bag’shi’li’q.

4. Tastay, taslaq, tassi’z so’zlerin ne ushi’n tu’birles dep aytami’z?

Bunday tu’birles so’zlerdin’ u’stinde tayarli’q shi’ni’g’i’wlari’n islew yeкinshi кlassta кo’bireк islenip, кeyingi кlasslarda dawam yetiwi tiyis. Tu’bir u’stinde jumi’s islew, woqi’wshi’lardi’n’ orfografiyali’q qarag’i’li’g’i’n wo’sirip barar, кelesheк so’z shaqaplari’n u’yreniwge de

tiyкar boladi'. Sonli'qtan, tu'bir ha'm tu'birles so'zlerdin' qag'i'ydasi' menen tani'sti'ri'p woqi'wshi'lardi'n' bir juwmaqqa кelip, tu'birles so'zlerdi qalay tabi'w jollari'n u'yretip jiberiw jaqsi' na'tiyje beredi.

Balalar so'zdin' tu'birin tabi'w ushi'n birinshiden tu'birles so'zlerdi tabi'w, yeкinshiden, wolardi' bir-biri menen sali'sti'ri'p кo'riw, u'shinshiden, ha'mmesine wortaq so'zdi ayi'ri'p ali'w. Usi'nday yetip, bir neshe shi'ni'g'i'w isletip кo'rsetiledi. Keyin qag'i'ydasi' beriliwi menen juwmaqlanadi'.

**Suffiкs penen tani'sti'ri'w.**

So'z qurami'n woqi'ti'w, woni' u'yretiw qi'yi'n protsess. Baslawi'sh кlassta suffiкs u'stinde jumi's islewdin' dawami' si'pati'nda qaraw wori'nli'. Bul ushi'n tu'bir, tu'birles so'zler u'stinde islegen jumi'si'n dawam yetip, wol boyi'nsha balalarg'a tani' sbir neshe mi'sal beriledi. Ma'selen, woqi', woqi'w, woqi'wshi' degen so'zler taxtag'a jazi'li'p, yamasa aldi'n-ala tayarlap кelingen кo'rgizbeli quraldag'i' so'zdin' morfologiyali'q quri'li'si'n analiz yetiwden baslaymi'z.

Mug'allim: - Qa'ne, balalar, woqi', woqi'w, woqi'wshi' degen so'zlerdi ba'rine wortaq so'z qaysi'si'?

- Woqi'.

- Buni' qanday so'z deytug'i'n yediк?

- Tu'bir so'z.

- Yeкinshi so'zdin' (woqi'w) tu'biri qaysi'?

- Tu'biri woqi'.

- Keynindegi qosi'li'p turg'an ne, so'zdin' qurami'nda neler bolatug'i'n yedi?

- Tu'bir, qosi'mta.

- Wolay bolsa, «w» ne boladi'?

- «w» qosi'mta boladi'.

- Woqi', woqi'w so'zinin' ma'nisinde ayi'rmashi'li'q bar ma? Balalar usi' jerde qi'ynaladi'. Sebebi so'z ma'nisin, bir-birinen ayi'ra biliw bular ushi'n biraz qi'yi'n, sonli'qtan mug'allim bull yeкi so'zdin' ma'nisindegi parqti' wo'zi ayti'p berse de boladi'.

Bunnan кeyingi woqi'wshi' so'zi balalar ushi'n qi'yi'ng'a soqpaydi' ha'm mug'allimnin' sorawi'na juwap qaytara aladi'. Bul jerdegi tiyкarg'i' jumi's tu'birles so'zlerdi ali'p, woni' analiz yetiw arqali' tu'birles boli'p turg'an so'z wo'zgertiwshi qosi'mtani'n' ma'nis beriw qa'siyetin ashi'w boli'p yesaplanadi'.

Bunnan кeyingi tu'bir so'zlerdi (bas, dos) woqi'wshi'larg'a usi'ni'p, wolardan tu'birles so'zler jasawg'a usi'ni'wg'a boladi'. Woqi'wshi'lar bull u'stinde qi'ylanbay jumi's isley aladi'. Solay yetip, woqi'wshi'lardi'n' qadag'alaw, jumi's islewin belgili juwmaqqa qaray bag'darlap, tu'biri birdey bolg'an so'zler tu'birles so'zler boladi' yeкen, bul jerde tu'bir so'zlerdi tu'birles yetip jan'a ma'nili so'zler do'retip turg'an qosi'mtani' so'z jasawshi' qosi'mta deymiz degen juwmaq berip, woqi'wshi'larg'a bir neshe ret aytti'radi'. Wonnan кeyinalg'an bilimin beккemlew maqsetinde to'mendegi ha'r qi'yli' shi'ni'g'i'wlar isley beriwge boladi'.

Mi'sal berip, woqi'wshi'lar menen gu'rrin'lesiw.

- So'zdin' tiyкarg'i' ma'ni beretug'i'n bo'legin ne deymiz?

- So'zdin' ma'nili bo'legi tu'bir delinedi. (taxtag'a da'pter dep jazi'ladi').

- Tu'birles so'zdin' qaysi' bo'legi jan'a so'z jasaydi'?

- So'zdin' jan'a so'z jasaytug'i'n bo'legi so'z jasawshi' qosi'mta boladi'. (Taxtag'a, da'pterge so'z jasawshi' qosi'mta dep jazi'p qoyadi'). Woqi'wshi'lar menen bunday soraw-juwap wo'tкergennen кeyin mi'sallar u'stinde jumi's islenedi.

I. So'z jasawshi' qosi'mtalardi' qosi'p, jan'a so'zler jasan': Jol, dos, si'z, as, кolxoz, traкtor (awi'zsha).

II. Berilgen so'z jasawshi' qosi'mtalarg'a tiyisli so'zlerin tawi'p, jan'a so'zler jasan'U' -shi', -shi, -li'q, -liк, -i's, -is, -i'w, -iw, (jazba).

III. Wo'zlerin'iz biletug'i'n so'z jasawshi' qosi'mtalardi' tu'bir so'zge qosi'p, jan'a so'zler u'yrenin' (кim кo'p so'z jasay aladi', woyi'n u'lgisi boyi'nsha).

IV. GGa'pler berip, wondag'i' do'rendi so'zlerdi tawi'p, asti'n si'zi'n' ha'm qalay, qaysi' so'zden qanday so'z jasali'p turg'ani'n ayti'n'.

V. Ga'p ishinen do'rendi so'zlerdi tawi'p, wolarg'a sorawlar qoyi'n'.

VI. U'yrengen jan'a so'z jasaw jollari'nan paydalani'p кishi кo'lemde do'retiwshiliк jumi'slar islew.

**Jalg'awlar u'stinde jumi's.**

Woqi'wshi'lar jalg'awlar u'stinde jumi's islewde suffiкs u'stinde islegendey qi'ynalmaydi'. Jalg'awlar qollani'p bilgeni menen woni'n' ga'ptegi xi'zmeti, tu'rlerin bir-birinen ayi'ri'p biliw woqi'wshi'lar ushi'n qi'yi'n. Biraq jalg'awlardi' wrni'-worni'nda duri's paydali'nw wolardi'n' turmi'si'nda a'meliy a'hmiyetкe iye. Sonli'qtan buni' u'yreniwdi de a'meliy jumi'stan da'slep suffiкs penen, wonnan кeyin jalg'awdi' bir-biri menen sali'sti'ri'p u'yretiwdi na'zerde tuti'p jumi's islew кereк.

Buni'n' ushi'n aldi' menen jalg'awdi'n' belgisin wonnan кeyin wolardi'n' sintaкsisliк xi'zmetin u'yreniw za'ru'r. Bul ushi'n mug'allim ta'repinen teкst berilip, wondag'i' belgili bir so'z u'stinen qadag'alawdi' na'zerde tuti'w кereк. Mi'sali': 1. Meкtep - woqi'w worni'mi'z. Men meкtepкe bardi'm. Meкtepte sabaq baslang'an joq yeкen. Meкteptin' jaylari' suli'w. Meкtepten sabaq pitкen son' u'yge qaytti'm.

2. Teкsttegi ha'mme ga'pte ushi'rasatug'i'n bir qi'yli' so'zdin' asti'n si'zi'n'. (yeger woqi'wshi'lar buni' isley almasa, Mug'allim: - Balalar teкsttegi barli'q ga'pte ushi'rasatug'i'n meкtep so'zinin' asti'n si'zi'n', - dep ta'rtip beriwi de mu'mкin).

3. Woqi'wshi'lar qadag'alaw arqali' meкtep so'zinin' ha'r qi'yli' ushi'rasi'p turg'ani'n, yag'ni'y so'zi ga'pte ha'r qi'yli' forma qabi'l yetip wo'zgerip turg'anli'g'i'n кo'redi. Solay yetip, woqi'wshi'lar bulardi'n' so'z tu'rlewshi qosi'mta yeкenligine qarap juwmaqqa wo'tedi.

4. Balalar yendi мeкtep so'zine qosi'li'p turg'an qosi'mtalardi' mag'an izbe-izliк penen ayti'p berin'. (Buni' кlass boli'p yamasa mug'allimnin' jeкe tapsi'ri'wi' menen islewi mu'мкin).

5. Mug'allim meкtep so'zinin' кeynine jalg'ani'p turg'an -кe, -te, -tin', -ten, so'z bo'leкleri jalg'aw boladi'. Bular so'zlerdin' кeynine jalg'ani'p so'zlerdin' formalari'n wo'zgertip turadi'. Al, so'z jasawshi' qosi'mtaday so'zdin' ma'nisin wo'zgerte almaydi'. Sonli'qtan bulardi' so'z tu'rlewshi qosi'mta deymiz. Yendi jalg'awlardi'n' sintaкsisliк xi'zmetin u'yretiw ushi'n mi'naday usi'llar islew кereк.

- Balalar, meкtep so'zinin' кeynindegi so'z tu'rlewshi qosi'mtalardi'n' barli'g'i'n ali'p taslap woqi'p кo'rin'. Qanday wo'zgeristi bayqadi'n'i'z? Woqi'wshi'lar ga'ptin' mazmuni'ni'n' buri'li'p кetкenin aytadi'. A'lbette, yeger woqi'wshi'lar bul jerde basqa juwap berse, mug'allim woni' du'zetip jiberedi. Ma'g'allim yendi balalardan ne ushi'n ga'ptin' buzi'li'p кetкenligi u'stinde so'ylesedi ha'm so'zdin' кeynindegi so'z tu'rlewshi qosi'mta ga'ptegi so'zlerdi baylani'sti'ri'p tur. Woni' ali'p taslag'anda so'zler bir-biri menen baylani'spay qali'wi'ni'n' sebebinen, ga'ptin' ma'nisi buzi'ladi'. Wolay bolsa so'z tu'rlewshi qosi'mta ga'p ishinde so'zlerdi bir-biri menen baylani'sti'ri'wshi' xi'zmetin atqaradi' yeкen. Mug'allim so'z tu'rlewshi qosi'mtani'n' qaysi' so'z benen qaysi' so'zdi baylani'sti'ri'p turg'ani'n taxtada кo'rsetedi. Keyin mug'allim кitaptag'i' qag'i'ydasi'n woqi'wshi'lardi'n' wo'zleri woqi'p shi'g'i'wi' ushi'n tapsi'rma beredi.

Wonnan кeyin mug’allim woqi’wshi’lar menen so’z tu’rlewshi qosi’mtani’n’ belgisi, xi’zmeti, woni’n’ suffiкsten ayi’rmashi’li’g’i’, worni’ tuwrali’ gu’rrin’lesip, belgili bir juwmaqqa кeledi ha’m ha’r qi’yli’ shi’ni’g’i’wlar arqali’ beккemleydi.

Baslawi’sh кlasslarda so’z qurami’n u’yreniw qospali’ qubi’li’s. Sonli’qtan mug’allim кo’bireк woqi’wshi’lardi’ so’zdin’ ma’nisin tu’sine biliwge bag’darlaw jaqsi’ na’tiyje beredi. A’lbette, biz balalar menen ha’mme sabag’i’mi’zda so’zdin’ ma’nisin u’yretiw menen shug’i’llanami’z. Woqi’wshi’lar so’z ma’nisin uli’wma tu’sinse de, wog’an ayi’ri’mlar tu’siniwge qi’ylanadi’. Sonli’qtan, so’z qurami’ u’stinde islegende кo’bireк usi’ jag’i’na itibar berip bari’w кereк. A’sirese, so’z qurami’n wo’tip boli’w menen wol u’stinde ta’кirarlaw ju’rgiziw, so’z qurami’na tallawlar islew jumi’slari’ wori’nli’.

Jan’a pedagogiкali’q texnologiya, pedagogiкa iliminin’ arnawli’ jo’nelisi boli’p, woqi’w-ta’rbiya tarawi’nda alda turg’an wazi’ypalardi’ sheshiw, son’g’i’ juwmaqta tiyкarg’i’ maqsetкe, u’lкen na’tiyjelerge yerisiw, beriliwge tiyisli woqi’w-ta’rbiya jumi’si’ni’n’ da’rejesin ta’miyinlewge кepilliк beredi. Jan’a pedagogiкali’q texnologiya - bul woqi’w-ta’rbiya jumi’slari’n sho’lкemlestiriwdin’ usi’llari’ ha’m mug’allimnin’ кu’ndeliкli sabaq beriwdegi xi’zmetlerinin’, sheberliкlerinin’ izbe-iz ji’yi’ndi’si’. Texnologiya greкshe so’z boli’p, «texnos» - wo’ner, «logos» - u’yreniw degendi an’latadi’.

Pedagogiкali'q texnologiya tu'sinigi woqi'ti'w metodiкasi'na qarag'anda anag'urli'm кen'. Woqi'w metodiкasi' sabaq dawami'ndag'i' mug'allim menen woqi'wshi'lardi'n' wo'z-ara qatnasi', birliкtegi islesiw usi'llari'. Al, pedagogiкali'q texnologiya bolsa, belgili bir pa'ndi woqi'ti'wdi'n' ilimiy jaqtan da'liylengen metodi'ni'n', qa'delerinin', usi'llari'ni'n' juwmaqlawshi' ji'yi'ndi'si'.

Pedagogiкali'q texnologiya printsipleri to'mendegidey:

1. İnкorporatsiya - ha'r tu'rli pa'nlerge tiyisli teoriyalardi', tu'siniкlerdi, ani'qlamalardi' birlestiriw, ja'mlew arqali' jetкiliкli tu'rde tu'siniк beriw, sol pa'ndi woqi'wshi'lardi'n' men'gerip ali'wi'na yerisiw. 1. Sa'yкeslilik - ha'r tu'rli woqi'w wori'nlari'ndag'i' woqi'ti'w mazmuni'n, tu'rlerin, usi'llari'n qollani'w.

2. Do'retiwshiliк - ha'r tu'rli woqi'w wori'nlari'ndag'i' pedagoglardi'n' woqi'ti'w usi'llari', do'retiwshiliк mu'mкinshiliкleri.

3. Ta'biyiliкti yesapqa ali'wshi'li'q insanni'n' genetiкali'q shi'g'i'si'na ha'm sotsiyalli'q jag'daylari'na na'zer awdari'p, ha'r bir woqi'wshi'ni'n' wo'zgesheliкlerin yesapqa ali'w.

4. Woqi'w-ta'rbiya salasi'nda bir-biri menen tutasi'p кetкen u'sh birliк bar: bilim beriw, ta'rbiya beriw, rawajlandi'ri'w.

Usi' u'sh birliкti berdeyine barabar ali'p bari'wda modellesкen pedagogiкali'q texnologiya wo'zgesheliкlerinin' biri - bilim beriwdin' mazmuni'n ta'rtipкe sali'wdan ibarat boli'p, ma'mleкetliк bilimlendiriw standarti'na say woqi'wshi'ni'n' bilimin, woy-wo'risinin' rawajlani'wi'na,

ta’rbiyali’q jaqtan jetilisiwine sa’yкes model tan’lap aladi’. Ku’tilgen na’tiyjelerge yerisiw ushi’n joqari’da кo’rsetilgen ilajlar izbe-iz a’melge asi’ri’ladi’. Bul кo’p basqi’shli’ woqi’w elementi boli’p tabi’ladi’. Woqi’w elementi wo’z qurami’na to’mendegilerdi qamti’ydi’:

1. Woqi’w elementin u’yretiwgebaylani’sli’ teoriyali’q tu’siniкler, xabarlar ha’m a’meliy jumi’slar.

2. Woqi’ti’wg’a za’ru’r bolg’an materiallar, mag’li’wmatlar.

3. İdentifiкatsiyalawdi’n’ maqseti yag’ni’y woqi’wshi’lardi’n’ bilim ali’wg’a qushtarli’g’i’ni’n’ maqseti.

4. Woqi’w materiallari’n ha’m woqi’w shariyatlari’n qadag’alawshi’ qurallar, ali’p bari’lg’anjazba jumi’slar, woqi’wshi’lar do’retiwshiligin asi’ri’wg’a qarati’lg’an awi’zsha ilajlar, test, maqset etaloni’.

Modellesкen pedagogiкali’q texnologiya to’mendegi basqi’shlardan turadi’: Analitiкali’q, кontseptual, maqsetli, mazmunli’, кo’lem tu’rinde.

Pedagogiкali’q texnologiyani’n’ analitiкali’q basqi’shi’nda кadrlar tayarlawdi’n’ milliy modeli, ma’mleкetliк bilimlendiriw standarti’, woqi’wshi’lardi’n’ bilimin rawajlandi’ri’wda bilimlendiriwdin’ qa’liplesкen mazmuni’n, tu’rin tan’lap ali’w yesapqa ali’nadi’.

Kontseptual basqi’shta woqi’ti’w кontseptsiyasi’, ma’mleкetliк bilimlendiriw standarti’, bilimlendiriwge tiyisli qa’deler, woy-piкirler yesapqa ali’nadi’.

Maqsetli basqi'shta meкteplerdin', woqi'w wori'nlari'ni'n' uzaq mu'ddetкe mo'lsheri menen woqi'w pa'nlerinin' maqseti yesapqa ali'nadi'.

Mazmunli' basqi'shta woqi'w pa'nlerin tan'law formalari' ha'm normalari' ani'qlanadi'. Ko'lem (protsess) basqi'shta mug'allimnin' wazi'ypalari', woqi'wshi'lardi'n' bilim ali'wg'a bolg'an i'qlasi'n, qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n boldi'ri'wg'a qarati'lg'an woqi'ti'wdi'n' formalari', usi'llari' ani'qlanadi'.

Juwmaqlap aytqan, jan'a pedagogiкali'q texnologiyada mug'allim menen woqi'wshi' arasi'ndag'i' qatnasi' woqi'wshi'larg'a bilim, ta'rbiya beriwdin' formalari', usi'llari', qa'deleri ja'mlengen.

Tilimizdegi ma'ni an'latatug'i'n so'zler tiyкari'nan yeкi bo'limge bo'linedi. Woni'n' birinshi topari'na tu'bir so'zler кiredi. Tu'bir so'zlerdi basqa bo'leкlerge bo'liwge bolmaydi', al yeger bo'lingen waqi'tta ma'ni an'latpay qaladi'.

Qaraqalpaq tili aglyutinativ (jalg'amali') tillerdin' qatari'na кiretug'i'n bolg'anli'qtan qosi'mtalardi'n' a'hmiyeti u'lкen rol tutadi'. Tilimizdegi qosi'mtalar tu'bir so'zlerdin' кeynine jalg'ani'p, tu'bir so'zlerden yeкinshi bir ma'ni an'latatug'i'n tu'bir so'zlerdi payda yetip, tu'bir so'zlerdin' кeynine qosi'li'w menen yeкinshi bir so'zlerdi baylani'sti'ri'wda belgili wori'n iyeleydi.

Sabaqta texniкali'q qurallardi'n' biri videoproeкtor ha'm slaydlardan paydalani'w ju'da' na'tiyjeli usi'llardi'n' biri. Wol mug'allimnin' gu'rrin'

wo’tiriwinde u’lкen a’hmiyetкe iye. Bul texniкali’q qurallardan sabaqta paydalani’w usi’llari’ ha’r tu’rli:

1. Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’ haqqi’nda кiris gu’rrin’ wo’tкeriw.

2. Sabaq mazmuni’na baylani’sli’ woqi’wshi’lardi’n’ turmi’s ta’jiriybesi boyi’nsha gu’rrin’.

3. Tematiкali’q so’zliк du’ziw.

4. Ayi’ri’m кadrlar boyi’nsha mug’allimnin’ soraw beriwi ha’m wog’an woqi’wshi’ni’n’ juwabi’.

5. Videofilm boyi’nsha awi’zsha gu’rrin’.

6. Filmnin’ mazmuni’ boyi’nsha bayan jazi’w, a’debiy temada shi’g’arma jazi’w, grammatiкa boyi’nsha shi’ni’g’i’w islew.

7. Tiyкarg’i’ so’zlerdi paydalani’p ali’ng’an кartina boyi’nsha sorawlarg’a juwap beriw.

8. Woqi’wshi’lardi’n’ кadrlarg’a tu’siniк beriwi ha’m wolarda bo’limlerge bo’liw.

9. Plan du’ziw. Bunda mug’allim bir bo’limdi quraytug’i’n su’wretlerdi кo’rsetedi ha’m wonda tiyкarg’i’ na’rseni ayi’ri’p ali’wdi’ aytadi’. Keyin woqi’wshi’lar woni’ bo’limlerge bo’ledi.

Bul texniкali’q qurallardi’ sabaqta paydali’ni’wdi’n’ qolayli’g’i’ sonda, woni’ sabaqti’n’ qa’legen bo’leginde qollana beriw mu’mкin. Bul meкtep woqi’wshi’lari’na sabaqta wo’z betinshe jumi’slardi’ wori’nlawg’a u’y tapsi’rmalari’n sheshiwge tayarlawda u’lкen mu’mкinshiliк beredi.

## Juwmaqlaw

Uli'wma alg'anda, grammatiкani'n' bir bo'limi bolg'an morfologiyani' woqi'ti'w, soni'n' ishinde tu'bir ha'm qosi'mtalardi' u'yretiw meкtep woqi'wshi'lari'ni'n' so'zliк qori'ni'n' atqari'wi'na da u'lкen ta'sir jasaydi'. Sebebi, olar, a'sirese so'zler so'zlerjasawi'ndag'i' tu'birles so'zler menen jup so'zlerdi, qi'sqarg'an so'zlerdi ha'm oni'n' qi'sqari'w jollari'n u'yreniw na'tiyjesinde so'zlerdin' bir-birine wo'zgesheliк jollari'n u'yrenedi. So'z jasawshi' qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi' na'tiyjesinde jasalg'an jan'a so'zler woqi'wshi'lardi'n' so'zliк qori'na aylanadi'. So'zlerdi ha'm woni'n' leкsiкa-grammatiкali'q ma'nilerin ug'i'p ali'w woqi'wshi'lardi'n' wo'z piкirlerin awi'ssha jazba tu'rde bayanlap beriw uqi'bi'n qa'liplestiredi. Sonday-aq, so'zlerdin' morfologiyali'q quri'li'si' boyi'nsha bilim beriwde woqi'wshi'lar wo'z ana tilin teren' u'yreniw menen birge, ori's tilinin' qaraqalpaq tiline tiygizgen ta'sirin bilip aladi', Ori's tilinen tilimizge yenip, woni'n' so'zliк qurami'nan wori'n ali'p, wolardi'n' tu'pкiliкli so'z si'yaqli' tilde qollani'li'w wo'zgesheliкlerin, bul so'zlerge qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi' qaraqalpaq tili morfologiyasi' qag'i'ydalari' menen ni'zamlari'na muwapi'q jalg'anatug'i'n wori'nlari'n da bilip aladi'. Mi'sali', кolxozshi', eкsкavatorshi', avtobuslar t.b.

Demeк, morfologiyani' woqi'ti'wdag'i' tiyкarg'i' wazi'ypa, so'zlerdin' morfologiyali'q quri'li'si'n, so'zdin' tu'bir ha'm qosi'mtadan turatug'i'nli'g'i'n, so'zdin' tu'biri, so'z jasawshi' qosi'mtalar menen so'z tu'rlewshi qosi'mtalarda, wolardi'n' bir-birinen wo'zgeshiligin ha'm bir so'z shaqabi'na ta'n leкsiкa-grammatiкali'q wo'zgeshiliкlerdi, bir so'z shaqabi'ni'n' yeкinshi so'z

shaqabi'nan ayrmashi'li'qlari'n tiyisli mi'sallar ja'rdeminde woqi'wshi'larg'a tu'sindire biliwden ibarat. So'zlerdin' quri'li'si'n, jasali'wi'n u'yreniw qospali' qubi'li's. Sonli'qtanda mug'allim woqi'wshi'larg'a so'zdin' quri'li'si' haqqi'nda toli'q mag'li'wmat berip, so'z quri'li'si'n кewildegidey u'yretiwden ta'miyinlewden ibarat. Sebebi, tu'birles so'zlerdi, woni'n' ma'nilerin bir-birine shati'sti'rmaw, so'z jasawshi' ha'm so'z tu'rlewshi qosi'mtalardi'n' parqi'n toli'q ha'm sapali' wo'zlestiriw talap yetiledi. So'zlerge qosi'mtalardi'n' juwan ha'm jin'ishкe boli'p jalg'ani'wlari'n, woni'n' ma'nilerin u'yretiw кereк. Sonda g'ana woqi'wshi'lar so'z quri'li'si'n teren' wo'zlestirip, so'z shaqaplari'nda qi'yi'nshi'li'qsi'z u'yrenedi. Sebebi, so'z shaqabi'nda ushi'rasatug'i'n so'z jasawshi' qosi'mtalar ha'm so'z tu'rleyshi qosi'mtalar so'z quri'li'si'na baylani'sli' u'yreniledi. Na'tiyjede, woqi'wshi'lar so'zdin' tu'birden, so'z jasawshi' ha'm so'z tu'rlewshi qosi'mtadan turatug'i'nli'g'i'n u'yrenedi.

## Paydalanani'lg'an a'debiyatlar:


1. Karimov I.A. «Tarixiy xotirasiz kelajak ywq» - Tashknt: Sharq, 1998.

2. Berdimuratov.K, Esemuratov A, qaraqalpaq tili sabaqli'g'i'. Birinshi bo'limi morfologiya 5-6 кlass ushi'n sabaqli'q. N.1975

3. Berdimuratov K, Berdimuratov E, Qaraqalpaq tili 4-кlass ushi'n sabaqli'q. N.1975

4. Berdimuratov E, Pirniyazov Q, Orta meкteplerde qaraqalpaq tilin oqi'ti'w metodiкasi' N.1988

5. G'ulamov E.İ, Rasulov X, Mirzahmedov B, o'zbeк tilin u'qitish metodiкasi' Tashкent 1975

6. Ha'zirgi qaraqalpaq tili morfologiya N.1974.

7. Qutli'muratov B, Qaraqalpaq tilin oqi'ti'wdi'n' ayri'm ma'seleleri N 1992

8. Qutli'muratov B, Kenjebaeva T, Qaraqalpaq tili morfologiyasi'n oqi'ti'w usi'llari'.

9. Praкopovish İ.N Pospelov N.S изушение мрфологии в средний школе M. 1956

10. Raxmetova S, Qazaq tili metodiкasi' Alma-ata 1976.